



LIBÈTE

EGALITE

FRATÈNITE

REPIBLIK AYITI

**KOMITE KONSILTATIF
ENDEPANDAN**

Dezyèm Vèsyon/Deuxième Version

Avant-Projet Constitution

Avanpwojè Konstitisyon

Mai 2021 / Me 2021



COMITE CONSULTATIF INDEPENDANT (CCI)

Avant-Projet de Constitution

Dezèm vèsyon / Deuxième version

Mai 2021

Table des matières

PRÉAMBULE.....	1
DEKLARASYON.....	1
TITRE I^{ER}.- DISPOSITIONS GÉNÉRALES.....	3
TIT PREMIER.- DISPOZISYON JENERAL YO.....	3
CHAPITRE I ^{ER} .- LES CARACTERISTIQUES FONDAMENTALES DE LA REPUBLIQUE D'HAÏTI	3
CHAPIT PREMIER.- KARAKTE FONDALNATAL REPIBLIK AYITI.....	3
CHAPITRE II.- LE TERRITOIRE DE LA REPUBLIQUE D'HAÏTI	4
CHAPIT 2.- TERITWA REPIBLIK AYITI.....	4
CHAPITRE III.- LA NATIONALITE HAÏTIENNE	4
CHAPIT 3.- NASYONALITE AYISYEN AN.....	4
CHAPITRE IV.- LA CITOYENNETE	5
CHAPIT 4.- SA YON SITWAYEN YE.....	5
TITRE II.- DROITS, DEVOIRS ET LIBERTÉS.....	7
TIT 2.- DWA, DEVWA AK LIBÈTE YO.....	7
CHAPITRE I ^{ER} .- LE DROIT A LA VIE, A LA SANTE ET AU RESPECT DE LA PERSONNE HUMAINE	7
CHAPIT PREMIER.- TOUT MOUN GEN DWA VIV, TOUT MOUN GEN DWA VIV AN SANTE, TOUT MOUN GEN DWA JWENN RESPE.....	7
CHAPITRE II.- LE DROIT A UN ENVIRONNEMENT SAIN	7
CHAPIT 2.- DWA POU MOUN VIV NAN YON ANVIWONMAN SAN DANJE	7
CHAPITRE III.- LA LIBERTE INDIVIDUELLE	8
CHAPIT 3.- LIBETE CHAK MOUN GENYEN.....	8
CHAPITRE IV.- LES DROITS ET LIBERTES EN MATIERE PENALE	10
CHAPIT 4.- DWA AK LIBETE KI GEN POU WE AK KESYON PENAL	10
CHAPITRE V.- LA LIBERTE D'EXPRESSION ET DE LA PRESSE.....	11
CHAPIT 5.- MOUN GEN DWA PALE LIB, LAPRES GEN DWA FONKSYONE LIB	11
CHAPITRE VI.- LE DROIT A L'INFORMATION	12
CHAPIT 6.- DWA POU MOUN GENYEN ENFOMASYON.....	12
CHAPITRE VII.- LA LIBERTE DE CONSCIENCE	12
CHAPIT 7.- MOUN GEN DWA SUIV KWAYANS YO AK RELIJYON YO LIB	12
CHAPITRE VIII.- LA LIBERTE DE REUNION ET D'ASSOCIATION	12
CHAPIT 8.- MOUN GEN DWA REYINI LIB	12
MOUN LIB FÈ ASOSYASYON YO VLE	12
CHAPITRE IX.- L'EDUCATION, L'ENSEIGNEMENT, LA RECHERCHE ET LA CULTURE.....	13

CHAPIT 9.-	13
EDIKASYON, ANSEYMAN, RECHECH AK LAKILTI	13
CHAPITRE X.- LA LIBERTE DU TRAVAIL	15
CHAPIT 10.- NENPOT MOUN GEN DWA TRAVAY LIB.	15
CHAPITRE XI.- LA LIBERTE ECONOMIQUE	16
CHAPIT 11.- LIBETE EKONOMIK	16
CHAPITRE XII.- L'IMPOSITION	17
CHAPIT 12.- ENPO	17
CHAPITRE XIII.- LA PROPRIETE	17
CHAPIT 13.- DWA POU MOUN GEN BYEN	17
CHAPITRE XIV.- L'ADMINISTRATION ET LA FONCTION PUBLIQUES	18
CHAPIT 14.- ADMINISTRASYON PIBLIK LA AK FONKSYON PIBLIK YO	18
CHAPITRE XV.- LES DROITS DES ETRANGERS	20
CHAPIT 15.- DWA ETRANJE YO	20
CHAPITRE XVI.- LES DEVOIRS DU CITOYEN	21
CHAPIT 16.- DEWWA SITWAYEN YO	21
CHAPITRE XVII.- LA PROTECTION DU CITOYEN	22
CHAPIT 17.- PWOTEKSYON SITWAYEN	22
TITRE III.- SOUVERAINETÉ NATIONALE	24
TIT 3.- SA KI FÈ PEYI AYITI GRANMOUN TÈT LI	24
CHAPITRE I ^{ER} .- DISPOSITIONS GENERALES	24
CHAPIT PREMIER.- DISPOZISYON JENERAL YO	24
CHAPITRE II.- LE POUVOIR LEGISLATIF	25
CHAPIT 2.- POUVWA LEJISLATIF LA	25
SECTION 1 ^{RE} .- L'ORGANISATION ET LE FONCTIONNEMENT DU POUVOIR LEGISLATIF	25
SEKSYON PREMIER.- ÒGANIZASYON AK FONKSYONMAN POUVWA LEJISLATIF LA	25
SECTION 2.- L'EXERCICE ET LES ATTRIBUTIONS DU POUVOIR LEGISLATIF	30
SEKSYON 2.- RESKONSABLITE AK FONKSYON POUVWA LEJISLATIF LA	30
CHAPITRE III.- LE POUVOIR EXECUTIF	36
CHAPIT 3.- POUVWA EGZEKUTIF LA	36
SECTION 1 ^{RE} .- DISPOSITIONS GENERALES	36
SEKSYON PREMIER.- DISPOZISYON JENERAL YO	36
SECTION 2.- L'ELECTION ET LE MANDAT DU PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE	37
SEKSYON 2.- ELEKSYON AK MANDA PREZIDAN REPUBLIK LA	37
SECTION 3.- LES ATTRIBUTIONS DU PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE	39
SEKSYON 3.- FONKSYON AK RESKONSABLITE PREZIDAN REPUBLIK LA	39
SECTION 4.- L'INDEMNITE MENSUELLE ET LA RESIDENCE OFFICIELLE DU PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE	42
SECTION 5.- LES MINISTRES ET LES SECRETAIRES D'ÉTAT	42
SEKSYON 5.- MINIS AK SEKRETE D'ETA YO	42
CHAPITRE IV.- LE POUVOIR JUDICIAIRE	44
CHAPIT 4.- POUVWA JIDISYE A	44
SECTION 1 ^{RE} .- DISPOSITIONS GENERALES	44
SEKSYON PREMIER.- DISPOZISYON JENERAL YO	44
SECTION 2.- LES JURIDICTIONS DE L'ORDRE JUDICIAIRE	46

SEKSYON 2.- JIRIDIKSYON LOD SISTEM JIDISYE A.....	46
SECTION 3.- LES JURIDICTIONS DE L'ORDRE ADMINISTRATIF	46
SEKSYON 3.- JIRIDIKSYON LOD ADMINISTRATIF LA	46
SECTION 4.- LE CONSEIL SUPERIEUR DU POUVOIR JUDICIAIRE	47
SEKSYON 4.- KONSEY SIPERYE POUVWA JIDISYE A.....	47
TITRE IV.- COUR CONSTITUTIONNELLE	49
TIT 4.- LAKOU KONSTITISYONEL.....	49
TITRE V.- COUR DES COMPTES	52
TIT 5.- LAKOU KONT YO	52
TITRE VI.- ÉLECTIONS.....	54
CHAPITRE II.- LES TRIBUNAUX ELECTORAUX.....	56
TITRE VII.- FORCE PUBLIQUE	58
TITR 7.-	58
CHAPITRE I^{ER}.- FORCE PUBLIQUE	58
CHAPITRE II.- LES FORCES ARMEES D'HAÏTI	58
CHAPIT 2.- FOS LAME AYITI.....	58
CHAPITRE III.- LA POLICE NATIONALE D'HAÏTI.....	59
TITRE VIII .- HAUTE COUR DE JUSTICE.....	61
TIT 8 .- WOTKOU JISTIS.....	61
TITRE IX.- COLLECTIVITÉS TERRITORIALES ET DÉCENTRALISATION	63
TIT 9.- KOLEKTIVITE TÈRITORYAL YO AK DESANTRALIZASYON	63
CHAPITRE I^{ER}.- DISPOSITIONS GENERALES.....	63
CHAPIT PREMIE.- DISPOZISYON JENERAL YO	63
CHAPITRE II.- LE DEPARTEMENT	64
CHAPIT 2.- DEPATMAN AN	64
CHAPITRE III.- LA COMMUNE	67
CHAPIT 3.- KOMIN NAN	67
CHAPITRE IV.- LA SECTION COMMUNALE.....	68
CHAPIT 4.- SEKSYON KOMINAL LA.....	68

TITRE X.- RÉVISION DE LA CONSTITUTION	70
TIT 10.- REVIZYON KONSTITISYON AN	70
TITRE XI.- DISPOSITIONS TRANSITOIRES ET FINALES	71
TIT 11 .- DISPOZISYON TRANZITWA AK DISPOZISYON FINAL YO	71
CHAPITRE I^{ER}.- DISPOSITIONS TRANSITOIRES	71
CHAPIT PREMIER.- DISPOZISYON TRANZITWA YO	71
CHAPITRE II.- DISPOSITIONS FINALES	73
CHAPIT 2.- DISPOZISYON FINAL YO	73

PRÉAMBULE

Le Peuple haïtien proclame la présente Constitution :

- a) pour garantir ses droits inaliénables et imprescriptibles à la vie, à la liberté et à la poursuite du bonheur, conformément à son Acte d'Indépendance de 1804 et à la Déclaration universelle des Droits de l'Homme de 1948 ;
- b) pour constituer une Nation haïtienne socialement juste, économiquement libre et politiquement indépendante ;
- c) pour maintenir un État stable et fort, capable de protéger les valeurs, les traditions, la souveraineté et l'indépendance nationales ;
- d) pour garantir la démocratie qui implique le pluralisme idéologique et l'alternance politique et affirmer les droits inviolables et inaliénables du Peuple haïtien ;
- e) pour fortifier l'unité nationale, en éliminant toutes discriminations entre les populations des villes et des campagnes, par l'acceptation de la communauté de langues et de culture et par la reconnaissance du droit au progrès, à l'information, à l'éducation, à la santé, au travail et au loisir pour tous ;
- f) pour porter l'État à appliquer des mesures d'aménagement du territoire en vue d'assurer une répartition juste des ressources et des services afin de préserver l'ensemble du territoire national comme lieu de vie et d'activité ;
- g) pour assurer la séparation, l'indépendance et la répartition harmonieuse des pouvoirs de l'État au service des intérêts fondamentaux et prioritaires de la Nation ;
- h) pour instaurer un gouvernement reposant sur les libertés fondamentales et le respect des droits humains, la justice économique, la paix sociale, l'équité de genre, la concertation et la participation de toute la population aux grandes décisions engageant la vie nationale et sur une décentralisation effective ;

DEKLARASYON

Pèp ayisyen deklare li dakò ak Konstitisyon sila a :

- a) pou li garanti dwa fondamantal li pou l viv, pou l viv lib, pou l viv byen, dapre sa ki ekri nan Deklarasyon Endepandans 1804 la ak prensip ki nan Deklarasyon inivèsèl Dwa Moun 1948 la ;
- an) pou li fè Nasyon ayisyen an genyen yon sosyete san fòskote ki granmoun tèt li sou plan ekonomik ak sou plan politik ;
- b) pou li konsève yon Leta estab, yon Leta fò, ki kapab pwoteje valè, tradisyon, dwa granmoun ak endepandans nasyon an ;
- ch) pou li garanti demokrasi a ki chita sou prensip egzistans plizyè kouran ideyolojik ak prensip chanjman tanzantan nan pouvwa politik la epi pou li kanpe an kwa kont tout zak ki pase dwa Pèp ayisyen anba pye ;
- d) pou li soude nasyon an pi fèm nan kwape tout diskriminasyon ant moun lavil ak moun andeyò, nan aksepte tout sa nou genyen ansanm kòm lang ak kilti, epi nan rekonèt dwa tout ayisyen genyen pou yo fè pwogrè, pou yo jwenn enfòmasyon, pou yo jwenn edikasyon, pou yo jwenn swen sante, pou yo travay epi pou yo gen lwazi ;
- e) pou pèmèt Leta aplike divès mezi pou l òganize teritwa a, yon manyè pou kapab gen yon pi bon distribisyon resous ak sèvis pou teritwa nasyonal la tounen yon espas kote moun ap viv epi mennen aktivite yo ;
- è) pou li garanti separasyon ak bon repatisyon pouvwa Leta yo k ap nan avantaj sa Nasyon an genyen kòm enterè ak priyorite ;
- en) pou li tabli yon modèl Gouvènman ki chita sou libète fondamantal yo ak respè dwa moun, jistis ekonomik, lapè sosyal,

- i) pour instaurer une justice républicaine représentant une force morale dans la société fondée sur des principes de droit, de liberté, d'égalité et de fraternité ;
- j) pour assurer aux femmes une représentation dans les instances de pouvoir et de décision qui soit conforme à l'égalité des sexes.

rapò san fòskote ant fanm ak gason nan sosyete a, antant ak patisipasyon tout moun nan popilasyon an nan tout gwo desizyon k ap pran ki pral angaje avni nasyon e ki chita sou yon desantralizasyon totalkapital ;

- f) pou mete yon sistèm jistis sou pye nan Repiblik la ki reprezante yon fòs moral ki chita sou prensip ki makònen ak prensip dwa, prensip libète, prensip egalite ak prensip fratènite a ;
- g) pou li garanti reprezantasyon fanm yo nan espas pouvwa a ak nan espas desizyon yo ki respekte prensip relasyon san fòskote ant fanm ak gason nan sosyete a.

TITRE I^{er}.-
DISPOSITIONS GÉNÉRALES

Chapitre I^{er}.-
Les caractéristiques fondamentales de la
République d'Haïti

Article 1^{er}.-Haïti est une République souveraine, démocratique, indivisible, laïque et solidaire. Son organisation est décentralisée.

Article 2.-La ville de Port-au-Prince est la capitale d'Haïti et le siège de son Gouvernement. Ce siège peut être déplacé en cas de force majeure.

Article 3.-Les couleurs nationales sont le bleu et le rouge.

L'emblème de la Nation haïtienne est le drapeau qui répond à la description suivante :

- a) deux (2) bandes d'étoffe d'égales dimensions : l'une bleue en haut, l'autre rouge en bas, placées horizontalement ;
- b) au centre, sur un carré d'étoffe blanche, sont disposées les armes de la République.

Les armes de la République sont : le Palmiste surmonté du bonnet de la Liberté et ombrageant de ses palmes un trophée d'armes avec la légende : l'Union fait la Force.

Article 4.-La devise nationale est : Liberté – Égalité – Fraternité.

Article 5.-L'hymne national est : La Dessalinienne.
Le salut du drapeau est obligatoire.

Article 6.- Tous les Haïtiens sont unis par une langue commune : le créole.

Le créole et le français sont les langues

TIT PREMYE.-
DISPOZISYON JENERAL YO

Chapit premye.-
Karak tè fondanatal Repiblik Ayiti

Atik premye.- Repiblik Ayiti granmoun tèt li, li demokratik, li pa ka divize, li layik e li solidè. Li gen yon òganizasyon ki chita sou desantralizasyon.

Atik 2.-Vil Pòtoprens se kapital Ayiti e se la Gouvènman an chita. Depi gen gwo nesesite pou sa, yo ka toujou deplase syèj Gouvènman an.

Atik 3.-Koulè drapo peyi Ayiti se ble ak wouj.

Men ki jan drapo peyi Ayiti fèt:

- a) Drapo a fèt ak de (2) moso twal menm longè, menm lajè. Moso twal ble a anwo. Moso twal wouj la anba. Tou de (2) moso twal yo kouche ;
- b) Nan mitan, sou yon moso twal blan, yon moso twal kare, y ap fè desen yon pye palmis ak yon bonèt wouj sou tèt pye palmis la.

Anba pye palmis la, y ap fè desen kèk zam ak kèk enstriman mizik. Men sa y ap ekri anba, sou moso twal blan an: Men anpil chay pa lou.

Atik 4.-Deviz Nasyon an se : Libète - Egalite - Fratènite.

Ati 5.-Chante ofisyèl Nasyon an se : Ladesalnyèn.

Tout moun dwe salye drapo a.

Atik 6.- Se lang kreyòl la ki simante tout Ayisyen ansanm.

Kreyòl ak franse se lang ofisyèl Repiblik

officielles de la République.

Article 7.- L'unité monétaire est la gourde. Elle est divisée en centimes.

Chapitre II.- Le territoire de la République d'Haïti

Article 8.- Le territoire de la République d'Haïti est limité à l'Est par la République Dominicaine, au Nord par l'Océan Atlantique, au Sud et à l'Ouest par la Mer des Caraïbes ou Mer des Antilles. Il comprend :

- a) la partie occidentale de l'île d'Haïti ainsi que les îles adjacentes : La Gonâve, La Tortue, l'Île à Vache, Les Cayemittes, La Navase, La Grande Caye et les autres îles de la mer territoriale ;
- b) la mer territoriale et la zone économique exclusive ;
- c) le milieu aérien surplombant la partie terrestre et maritime.

Article 9.- Le territoire de la République d'Haïti est inviolable et ne peut être aliéné ni en tout, ni en partie par aucun traité ou convention.

Article 10.- Le territoire de la République est divisé et subdivisé en départements, arrondissements, communes et sections communales.

La loi détermine le nombre de ces divisions et subdivisions, et en règle l'organisation et le fonctionnement.

Chapitre III.- La nationalité haïtienne

Article 11.- Possède la nationalité haïtienne de naissance tout individu né en Haïti ou à l'étranger d'un père haïtien ou d'une mère haïtienne.

Tout individu ayant une ascendance

la.

Atik 7.- Lajan peyi Ayiti se goud. Goud la divize an santim.

Chapit 2.- Teritwa Repiblik Ayiti

Atik 8.- Repiblik Dominikèn bònè teritwa Repiblik Ayiti sou kote Lès. Oseyan Atlantik bònè l sou kote Nò. Lanmè Karayib yo oubyen lanmè Antiy yo bònè l sou kote Sid ak kote Lwès li. Teritwa a kouvri:

- a) pati lwès Zile Ayiti a ansanm ak zile ki tou pre l yo, tankou: Lagonav, Latòti, Ilavach, Kayimit yo, Lanavaz, Grannkay ak lòt zile ki nan lanmè peyi a;
- b) anmè peyi a ak zòn ki rezève pou aktivite ekonomik sèlman ;
- c) espas ayeryen ki kouvri tè ak lanmè peyi a.

Atik 9.- Okenn Nasyon pa ka monte sou teritwa Repiblik Ayiti epi pa ka gen okenn trete ak konvansyon ki ka fè Pèp ayisyen pèdi dwa li genyen sou tè pa l la oubyen sou yon pati ladan l.

Atik 10.- Teritwa Repiblik la divize an depatman, depatman yo divize ann awondisman, awondisman yo divize an komin epi komin yo divize an seksyon kominal.

Lalwa fikse kantite depatman, kantite komin ak kantite seksyon kominal ki dwe genyen e li tou di kouman pou yo òganize ak kouman pou yo fonksyone.

Chapit 3.- Nasyonalitye ayisyen an

Atik 11.- Yon moun ki fèt ann Ayiti oubyen ki fèt nan peyi etranje e ki gen : swa manman l oubyen papa l ki ayisyen, se ayisyen.

Yon moun ki gen yon gran paran l ki

haïtienne peut faire valoir ses droits à la nationalité haïtienne, dans les conditions prévues par la loi.

Possède également la nationalité haïtienne de naissance tout individu né sur le sol de la République d'Haïti.

Tout enfant apatride retrouvé sur le territoire haïtien peut obtenir la nationalité haïtienne dans les conditions prévues par la loi.

Aucun Haïtien ne peut faire prévaloir sa nationalité étrangère sur le territoire de la République d'Haïti.

Il est possible de renoncer à la nationalité haïtienne, si l'intéressé jouit d'une autre nationalité. Cette renonciation résulte d'une demande solennelle et expresse de l'intéressé auprès du tribunal de première instance haïtien territorialement compétent.

Article 12.- La nationalité haïtienne peut être acquise par la naturalisation après cinq années de résidence continue sur le territoire de la République.

Chapitre IV.- La citoyenneté

Article 13.- La jouissance, l'exercice des droits civils et politiques constituent la qualité du citoyen.

Le régime de la citoyenneté est fixé par la loi, qui règle notamment l'octroi, la suspension et la perte des droits civils et politiques.

Article 14.- L'âge de la majorité est fixée à dix-huit (18) ans.

Article 15.- Les Haïtiens, sans distinction de sexe ni d'état civil, âgés de dix-huit ans au moins, jouissent de leurs droits civils et politiques s'ils réunissent les autres

ayisyen kapab reklame dwa pou li gen nasyonalite ayisyen an selon lalwa.

Yon moun ki fèt sou teritwa Repiblik Ayiti a tou genyen nasyonalite ayisyen.

Tout timoun yo jwenn sou teritwa ayisyen an ki pa gen nasyonalite kapab gen nasyonalite ayisyen dapre kondisyon lalwa prevwa pou sa.

Okenn ayisyen pa ka sèvi ak yon nasyonalite etranje li genyen sou teritwa Repiblik Ayiti.

Li posib pou yon moun rejte nasyonalite ayisyen an, si moun nan gen yon lòt nasyonalite. Pou sa rive fèt, konsène a ap fè yon demann ofisyèl ak tout konsyans li bò kote tribinal premye enstans ayisyen ki gen konpetans pou sa nan zòn kote l rete a.

Atik 12.- Yon moun ki rezide pandan senk (5) lane youn dèyè lòt sou teritwa Repiblik la, kapab genyen nasyonalite ayisyen an.

Chapit 4.- Sa yon sitwayen ye

Atik 13.- Yon sitwayen se yon moun ki **genyen** tout dwa sivil ak tout dwa politik li e ki genyen kapasite pou l jwi dwa sa yo.

Se lalwa ki deside, ki lè yon moun kapab sèvi ak dwa sivil ak dwa politik yo, ki lè li pa gen dwa sèvi avèk yo pandan yon tan epi ki lè li pèdi dwa sa yo nèt.

Atik 14.- Yon moun majè depi li gen dizuit (18) lane.

Atik 15.- Tout Ayisyen, fi kou gason, moun marye ak moun ki pa marye kapab sèvi ak dwa sivil oubyen dwa politik yo, depi yo deja gen dizuit (18) lane, e depi

conditions prévues par la Constitution et par la loi.

Article 16.- Le principe de parité est reconnu à tous les niveaux de la vie nationale, notamment dans les services publics.

L'État a l'obligation de mettre en place des stratégies visant à renforcer la présence féminine dans l'Administration publique.

Obligation est faite aux partis politiques de désigner des femmes aux postes électifs. La loi électorale fixe les modalités d'application du présent alinéa.

yo ranpli tout kondisyon Konstitisyon an ak lalwa prevwa yo.

Atik 16.- Prensip patisipasyon fanm kou gason san fòskote ak san paspouki nan sa k ap fèt nan tout nivo nan peyi a, se yon prensip tout moun dwe respekte san mank, espesyalman nan sèvis piblik yo.

Leta gen obligasyon pou l vini ak estrateji pou li fè gen plis fanm yo nan Administrasyon piblik la.

Lwa elektoral la prevwa dispozisyon pou fè pati politik yo obligasyon prezante fanm yo kòm kandida nan eleksyon. Lwa elektoral la fikse tout kondisyon k ap pèmèt yo aplike paragraf sila.

TITRE II.- DROITS, DEVOIRS ET LIBERTÉS

Chapitre I^{er}.-

Le droit à la vie, à la santé et au respect de la personne humaine

Article 17.- L'État garantit à tous le droit à la vie, à la santé et au respect de la personne humaine, conformément à la Déclaration universelle des Droits de l'Homme de 1948.

Article 18.- Dans chaque commune au moins et pour assurer la solidité et la qualité du système de santé, l'État crée des hôpitaux, des dispensaires et des centres de santé pouvant garantir des soins adéquats à la population.

Article 19.- L'État encourage également l'initiative privée dans le domaine de la santé.

Article 20.- L'État protège la famille, base fondamentale de la société.

Il doit une égale protection à toutes les familles. Il procure aide et assistance à la maternité, à l'enfance et à la vieillesse.

La violence intrafamiliale et sexuelle, sous toutes ses formes, est condamnée.

L'État prend les mesures nécessaires pour prévenir et sanctionner toutes les formes de violence à l'égard des femmes et des enfants.

Chapitre II.- Le droit à un environnement sain

Article 21.- L'environnement naturel étant le cadre privilégié de vie de la population, les comportements qui risquent de perturber l'équilibre écologique sont interdits.

TIT 2.- DWA, DEVWA AK LIBÈTE YO

Chapit premye.-

Tout moun gen dwa viv, tout moun gen dwa viv an sante, tout moun gen dwa jwenn respè

Atik 17.- Leta dwe pran dispozisyon pou tout moun jwenn lavi, lasante ak respè dapre Deklarasyon inivèsèl Dwa Moun 1948 la.

Atik 18.- Pou Leta kenbe sistèm sante a pi solid epi garanti kalite l, l ap kreye lopital, dispansè ak sant sante pou pi piti nan chak komin pou l pèmèt tout moun nan popilasyon an jwenn kalite swen sante yo bezwen yo.

Atik 19.- Leta ankouraje tout travay sektè prive a fè nan domèn sante a.

Atik 20.- Leta la pou l pwoteje lafanmi, pote mitan sosyete a.

Li dwe veyatif pou l konnen ki jan tout fanmi ap viv san paspouki. Leta dwe fanm ansent ak nouris, timoun piti ak granmoun ki gen anpil laj bon jan èd ak asistans.

Tout kalite zak vyolans nan fanmi ak tout kalite zak vyolans seksyèl merite kondanasyon.

Leta la pou l pran tout dispozisyon nesesè pou l fè prevansyon kont tout kalite zak vyolans k ap fèt sou fanm epi pou li pini zak sa yo.

Chapit 2.- Dwa pou moun viv nan yon anviwònman san danje

Atik 21.- Anviwònman natirèl la se pi bon kote pou popilasyon an viv. Leta entèdi tout konpòtman ki ka deranje lanati.

Article 22.- La loi détermine les conditions de protection de la faune et de la flore. Elle sanctionne les contrevenants.

Article 23.- Nul ne peut introduire dans le pays des déchets ou résidus de provenance étrangère de quelque nature que ce soit, sous peine de poursuites civiles et pénales.

Chapitre III.- La liberté individuelle

Article 24.- Nul ne peut être poursuivi, arrêté ou détenu que dans les cas déterminés par la loi et selon les formes qu'elle prescrit.
La responsabilité pénale est personnelle. Nul ne peut être arrêté à la place d'un autre.

Article 25.- L'arrestation et la détention, sauf en cas de flagrant délit, ont lieu sur un mandat écrit d'un juge légalement compétent.
Sauf en cas de flagrant délit, aucune arrestation sur mandat, aucune perquisition ne peut se faire entre six (6) heures du soir et six (6) heures du matin.

Article 26.- Toute rigueur ou contrainte qui n'est pas nécessaire pour appréhender une personne ou la maintenir en détention, toute pression morale ou brutalité physique, notamment pendant l'interrogatoire, sont interdites.

Article 27.- Nul ne peut être interrogé en l'absence de son avocat ou d'un témoin de son choix.

Article 28.- Dans chaque tribunal de première

Atik 22.- Lalwa fikse kondisyon pwoteksyon bèt ak plant yo. Lalwa pini tout moun ki pa respekte kondisyon sa yo.

Atik 23.- Okenn moun pa gen dwa antre ak dechè oubyen fatra ki soti nan peyi etranje sou kèlkilanswa fòm nan peyi a. Y ap pran sanksyon sivil ak sanksyon penal kont tout moun ki antre ak dechè oubyen fatra nan peyi a.

Chapit 3.- Libète chak moun genyen

Atik 24.- Yo pa gen dwa ni al dèyè yon moun, ni arete l, ni mete l nan prizon, san se pa pou yon rezon lalwa prevwa, ak jan lalwa di sa dwe fèt.

Chak moun gen reskonsablite pa l. Yo pa gen dwa arete okenn moun nan plas yon lòt.

Atik 25.- Anwetan ka kote yo bare moun ap fè move zak, yo pa gen dwa arete okenn moun ni fèmen okenn moun nan prizon san se pa ak yon manda yon jij lalwa bay konpetans pou sa.

Anwetan ka kote yo bare moun ap fè move zak, yo pa gen dwa arete moun ata ak manda ant sis (6) è di swa al pou sis (6) è di maten. Ni yo pa gen dwa fouye kay moun ant sis (6) è di swa al pou sis (6) è di maten.

Atik 26.- Yo pa gen dwa fè fòs ak okenn moun yo vin arete oubyen yo vle kenbe nan prizon san pa gen nesesite pou sa. Yo pa gen dwa fè presyon sou okenn moun, ni yo pa gen dwa maltrete l pou yo fè l pale.

Atik 27.- Yo pa kapab entèwoje okenn moun san prezans avoka l oubyen san prezans yon temwen li chwazi.

Atik 28.- Nan chak tribinal premye enstans, gen

instance, un juge des libertés et de la détention est appelé à statuer sur les cas d'arrestation et de détention, au plus tard dans les quarante-huit (48) heures.

Tout refus de se prononcer sur **lesdits cas** dans le délai imparti constitue une infraction qui habilite la victime à adresser un recours en habeas corpus par devant le juge.

Nul ne peut être maintenu en détention s'il n'a comparu dans les quarante-huit (48) heures qui suivent son arrestation devant un juge appelé à statuer sur la légalité de l'arrestation et si ce juge n'a confirmé la détention par une décision motivée.

Si l'arrestation est jugée illégale, le juge ordonne la libération immédiate du détenu et cette décision est exécutoire sur minute nonobstant appel, pourvoi en cassation ou défense d'exécuter.

Article 29.- Toutes violations des dispositions relatives à la liberté individuelle sont des actes arbitraires. Les personnes lésées peuvent, sans autorisation préalable, saisir les tribunaux compétents pour poursuivre les auteurs et les exécutants de ces actes arbitraires quelles que soient leurs qualités et fonctions.

Article 30.- Les fonctionnaires et les employés de l'État sont directement responsables selon les lois pénales, civiles et administratives des actes accomplis en violation des droits de la personne humaine. Dans ces cas, la responsabilité civile s'étend aussi à l'État.

yon jij ki la pou li pwonose l sou tout ka arestasyon ak tout ka kote yo kenbe moun nan prizon nan yon dèlè ki pa depase karanssui (48) è d tan.

Nan ka kote jij refize pwononse yon desizyon sou ka sa yo nan dèlè lalwa fikse a, y ap konsidere l kòm yon enfrazyon. Lè sa a, viktim nan gen dwa fè yon aksyon ann abeyas kòpous devan jij la.

Yo pa kapab kenbe okenn moun nan prizon pandan plis pase karantuit (48) è d tan apre yo fin arete l la san li pa parèt devan jij ki la pou pwononse l sou legalite arestasyon an epi si jij sa a pa konfime arestasyon an apati yon desizyon dapre lalwa.

Si yo twouve arestasyon an pa t legal, jij la dwe bay lòd lage moun nan lapoula. Yo dwe obeyi desizyon jij la lapoula, menm si yo te mande pou kòz la ale ann apèl, devan Lakou kasasyon, oubyen te deja gen yon desizyon Lajistis pou yo pa obeyi jijman an.

Atik 29.- Dezobeyi lwa ki pwoteje libète chak moun, se zak gwo ponyèt. Moun yo fè abi sa yo, gen dwa al nan tribinal ki la pou sa, san yo pa mande pèmisyon. Yo gen dwa mande pinisyon pou tout moun ki fè zak gwo ponyèt sa yo ansanm ak moun ki te ede nan fè zak sa yo, kèlkilanswa pozisyon ak fonksyon moun sa yo.

Atik 30.- Dapre sa ki nan lwa penal yo, lwa sivil ak lwa administratif yo, anlwaye Leta ak reskonsab Leta gen pwòp reskonsablite pa yo lè gen zak ki fèt kont dwa moun. Nan ka sa yo, Leta gen reskonsablite sivil pa l tou.

**Chapitre IV.-
Les droits et libertés en matière pénale**

- Article 31.-** Nulle peine ne peut être établie que par la loi, ni infligée que dans les cas que celle-ci détermine.
- Article 32.-** La peine de mort est abolie en toute matière et en toute circonstance.
- Article 33.-** La loi ne peut avoir d'effet rétroactif, sauf en matière pénale et uniquement quand elle est favorable à l'accusé.
- Article 34.-** Nul ne peut être obligé de témoigner contre lui-même en matière criminelle, correctionnelle ou de simple police.
- Article 35.-** Le jury est établi en matière criminelle pour les crimes de sang. Il est également compétent pour les délits politiques.
- Article 36.-** Aucune perquisition, ni aucune saisie ne peut avoir lieu qu'en vertu de la loi et dans les formes qu'elle prescrit.
- Article 37.-** Aucun citoyen, quelle que soit sa qualité, civile ou militaire, ne peut être distrait des juges que la Constitution et la loi lui assignent.
- Article 38.-** Aucun individu de nationalité haïtienne ne peut être déporté ni forcé de quitter le territoire national, sauf en cas d'extradition prévue par un traité international auquel la République d'Haiti est partie.
- Article 39.-** Nul ne peut être privé pour des motifs politiques de sa capacité juridique ni de sa nationalité.
- Article 40.-** La justice militaire est compétente

**Chapit 4.-
Dwa ak libète ki gen pou wè ak kesyon penal**

- Atik 31.-** Se lalwa sèlman ki gen dwa di ki pèn yo prevwa pou yon zak epi nan ki ka ak nan ki sikonstans yo dwe bay pèn sa a.
- Atik 32.-** Pèn lanmò a pa egziste nan okenn ka ni nan okenn sikonstans.
- Atik 33.-** Yon lwa pa valab pou yon kòz yo ta jije anvan lwa sa a parèt, sof si se yon lwa lwa penal, e ki ta an favè moun yo akize a.
- Atik 34.-** Lè gen krim, lè gen deli, lè gen kontravansyon, yo pa kapab fòse yon moun sèvi temwen kont pwòp tèt li.
- Atik 35.-** Lè y ap jije moun pou krim kote san koule, fòk gen yon jiri. Jiri a ap valab tou lè y ap jije deli pou kòz politik yo.
- Atik 36.-** Yo pa gen dwa antre kay moun ni fouye kay moun, san se pa pou yon rezon lalwa prevwa epi jan lalwa di sa dwe fèt.
- Atik 37.-** Dapre Konstitisyon an ak lalwa, yo pa gen dwa voye okenn sitwayen, kit li sivil, kit li militè, devan okenn lòt jij, pase jij ki la pou sa.
- Atik 38.-** Yo pa kapab depòte okenn moun ki gen nasyonalite ayisyen, ni fòse l kite teritwa nasyonal, sof nan ka kote y ap voye moun nan jije nan yon lòt peyi sou baz yon trete entènasyonal Repiblik Ayiti siyen.
- Atik 39.-** Okenn moun pa kapab pèdi kapsite jiridik li oubyen dwa ak privilèj ki mache ak nasyonalite li pou rezon politik.
- Atik 40.-** Lajistis militè a gen konpetans pou l jije

uniquement pour juger les infractions à la discipline militaire commises par des militaires et pour statuer sur les crimes et délits commis en temps de guerre.

Article 41.- L'organisation et le fonctionnement des prisons doivent respecter le principe fondamental de la dignité humaine.

Chapitre V.- La liberté d'expression et de la presse

Article 42.- Tout Haïtien a le droit d'exprimer librement ses opinions, en toute matière et par tout moyen de son choix.

Article 43.- La liberté de la presse est garantie. Le journaliste exerce librement sa profession dans le cadre de la loi. Cet exercice ne peut être soumis à aucune autorisation, ni censure, sauf en cas de guerre.

Le journaliste ne peut être contraint de révéler ses sources. Il a toutefois pour devoir de vérifier l'authenticité et l'exactitude des informations délivrées. Il est également tenu de respecter l'éthique et la déontologie professionnelles.

Article 44.- Tout délit de presse ainsi que les abus du droit d'expression relèvent du code pénal.

Article 45.- La liberté et le secret de la correspondance, et de toutes les autres formes de communication, sont inviolables. Leur limitation ne peut résulter que d'un acte motivé de l'autorité judiciaire et selon les garanties accordées par la loi.

zak enfraksyon militè komèt kont kòd disiplin militè a sèlman epi pou l pwononse l sou krim ak deli yo komèt nan moman lagè.

Atik 41.- Òganizasyon ak fonksyònman prizon yo dwe respekte prensip fondamantal ki konsène diyite moun.

Chapit 5.- Moun gen dwa pale lib, laprès gen dwa fonksyone lib

Atik 42.- Tout Ayisyen gen dwa di sa yo panse lib e libè, nan tout domèn, jan yo pito.

Atik 43.- Laprès lib pou li fè travay li. Jounalis la lib pou l pratike pwofesyon l dapre kondisyon lalwa fikse. Li pa bezwen pyès otorizasyon pou li travay epi yo pa dwe mete limit sou travay li sof nan moman lagè.

Yo pa ka fòse jounalis la bay kote li jwenn enfòmasyon. Men li gen devwa pou l verifye si enfòmasyon l ap bay yo vre epi si yo egzak. Mete sou sa, li dwe respekte prensip etik ak prensip deyontoloji metye jounalis la.

Atik 44.- Se sou kòd penal la y ap chita pou yo jije tout deli laprès komèt ansanm ak tout zak vyolasyon ki fèt kont dwa moun genyen pou yo pale.

Atik 45.- Okenn moun pa gen dwa komèt zak vyolasyon sou libète moun genyen pou yo sèvi ak dokiman ekri oubyen tout lòt fòm kominikasyon moun ak moun epi pou yo kenbe sa ki ekri a oubyen sa ki di a sekrè. Sèl yon desizyon valab ki soti bò kote lajistis kapab mete limit nan libète sa a pandan y ap respekte tout garanti lalwa bay yo.

**Chapitre VI.-
Le droit à l'information**

Article 46.- Pour l'information des citoyens, l'État assure la publication, dans les langues officielles de la République, des lois, des traités, conventions et accords internationaux, des décrets, des arrêtés et de tous autres textes officiels qui touchent à la vie de la Nation, exception faite des informations relevant de la sécurité nationale.

**Chapitre VII.-
La liberté de conscience**

Article 47.- Toutes les religions et tous les cultes sont libres.

Toute personne a le droit de professer sa religion et son culte, pourvu que l'exercice de ce droit ne trouble pas l'ordre et la paix publics.

Article 48.- La loi établit les conditions de reconnaissance et de fonctionnement des religions et des cultes.

**Chapitre VIII.-
La liberté de réunion et d'association**

Article 49.- La liberté d'association et de réunion est garantie. Elle s'exerce de manière pacifique et sans armes.

Les manifestations sur la voie publique sont soumises à une notification préalable aux autorités de police.

Article 50.- Les partis et groupements politiques concourent à l'expression du suffrage. Ils se forment et exercent leur activité librement. Ils doivent respecter les

**Chapit 6.-
Dwa pou moun genyen enfòmasyon**

Atik 46.- Nan lide pou Leta garanti dwa sitwayen pou yo gen enfòmasyon, li dwe pibliye lwa, trete, konvansyon entènasyonal ak akò entènasyonal, òdonans, dekrè, arete ak tout tèks ofisyèl ki konsène lavi Nasyon an nan de (2) lang ofisyèl Repiblik la, anwetan tèks ki gen enfòmasyon sou sekirite nasyonal la.

**Chapit 7.-
Moun gen dwa suiv kwayans yo ak relijyon yo lib**

Atik 47.- Tout relijyon ak tout kwayans yo lib.

Tout moun gen dwa suiv relijyon ak kwayans pa yo, depi sa yo fè a pa deranje lòd piblik ak lapè piblik.

Atik 48.- Lalwa fikse nan ki kondisyon sèvis ak seremoni gen dwa fèt nan peyi a, selon relijyon ak selon kwayans chak moun.

**Chapit 8.-
Moun gen dwa reyini lib
Moun lib fè asosyasyon yo vle**

Atik 49.- Moun gen dwa reyini lib pou yo mete asosyasyon kanpe epi pou yo fè reyinyon san zam pou rezon politik, rezon ekonomik, rezon sosyal, rezon kiltirèl oubyen pou tout lòt rezon ki la pou tabli lapè.

Yo dwe ekri lapolis davans pou yo enfòme l sou tout manifestasyon k ap fèt nan lari.

Atik 50.- Pati politik ak gwoupman pati politik yo la pou ede pèp la eksprime volonte l pi klè nan eleksyon. Yo gen dwa fèt lib. Yo gen dwa travay lib. Yo dwe

principes de la souveraineté nationale et de la démocratie.

La loi détermine leurs conditions de reconnaissance et de fonctionnement, ainsi que les avantages et privilèges qui leur sont réservés.

Chapitre IX.-

L'éducation, l'enseignement, la recherche et la culture

Article 51.- L'État garantit le droit à l'éducation.

L'éducation est libre à tous les niveaux d'enseignement. Cette liberté s'exerce sous le contrôle de l'État.

L'enseignement du premier et du deuxième cycle fondamental est obligatoire.

Article 52.- L'éducation publique est à la charge de l'État et des collectivités territoriales.

Ils doivent mettre l'école gratuitement à la portée de tous et veiller au niveau de formation des enseignants des secteurs public et privé.

Article 53.- L'enseignement supérieur est libre. Il est dispensé par l'Université d'État d'Haïti et par les universités publiques départementales, qui sont autonomes, ainsi que par des universités privées, des écoles supérieures publiques et autres établissements publics d'enseignement supérieur, et des écoles supérieures privées agréées par l'État. Leur organisation et leur fonctionnement sont fixés par la loi.

Article 54.- L'État finance le fonctionnement et le développement de l'Université d'État d'Haïti, des universités publiques départementales, des écoles supérieures publiques et des autres établissements

dakò ak tout prensip ki fè Nasyon an granmoun tèt li ansanm ak tout prensip demokrasi a.

Lalwa fikse kondisyon pou yo rekonèt pati politik ak gwoupman pati politik yo ak kouman pou yo fonksyone epi li tou fikse avantaj ak privilèj yo genyen.

Chapit 9.-

Edikasyon, ansèyman, rechèch ak lakilti

Atik 51.- Leta dwe pran dispozisyon pou tout moun jwenn edikasyon.

Edikasyon dwe lib nan tout nivo ansèyman. Se Leta k ap kontwole dwa pou moun jwenn edikasyon an.

Ansèyman premye sik fondamantal la ak ansèyman dezyèm fonfamantal la obligatwa.

Atik 52.- Leta ak kolektivite teritoryal yo reskonsab ledikasyon piblik.

Se pou Leta ak kolektivite teritoryal yo mete lekòl gratis pou tout moun. Se pou yo kontwole nivo fòmasyon pwofesè lekòl piblik ak pwofesè lekòl prive yo.

Atik 53.- Ansèyman siperyè a lib. Se Inivèsite Leta Ayiti ak inivèsite piblik nan depatman yo, ki otonòm, mete ak inivèsite prive, lekòl siperyè piblik ansanm ak lekòl siperyè prive Leta rekonèt k ap bay nivo edikasyon sa a. Lalwa fikse òganizasyon ak fonksyonman yo.

Atik 54.- Leta finanse fonksyonman ak devlopman Inivèsite Leta Ayiti, inivèsite piblik nan depatman yo ansanm ak lekòl siperyè piblik yo.

Leta ankouraje devlopman rechèch,

publics d'enseignement supérieur.

L'État encourage le développement de la recherche, de la science et de la technologie.

Article 55.- Un organisme public indépendant régule et contrôle la qualité de l'enseignement supérieur et de la recherche scientifique sur l'ensemble du territoire national.

Sa mission s'étend aux institutions publiques et privées œuvrant dans ces domaines. Chaque année, il publie un rapport d'évaluation et établit une liste des institutions les plus performantes.

La loi détermine la dénomination, l'organisation et le fonctionnement de cet organisme.

Article 56.- Les richesses archéologiques, historiques, culturelles et folkloriques du pays de même que les richesses architecturales, témoins de la grandeur de notre passé, font partie du patrimoine national. En conséquence, les monuments, les ruines, les sites des grands faits d'armes de nos ancêtres, les centres réputés de nos croyances africaines et tous les vestiges du passé sont placés sous la protection de l'État. La loi détermine pour chaque domaine les conditions spéciales de cette protection.

Article 57.- Une académie haïtienne est instituée en vue de promouvoir la langue créole et de permettre son développement scientifique et harmonieux.

La loi fixe l'organisation et le fonctionnement de l'académie haïtienne.

Article 58.- L'État garantit aux personnes handicapées les moyens pour assurer leur éducation et leur autonomie en vue de leur pleine intégration à la société.

devlopman lasyans ak devlopman teknoloji.

Atik 55.- Yon òganis piblik endepandan ap kontwòle kalite asèyman siperyè ak rechèch syantifik sou tout teritwa nasyonal la.

Misyon òganis sa a, se travay ak enstitisyon piblik kou prive. Chak ane l ap pibliye yon rapò evalyasyon ansanm ak yon lis k ap genyen enstitisyon ki bay pi bon rezilta.

Lalwa ap fikse non, òganizasyon ak fonksyonman òganis sa a.

Atik 56.- Patrimwàn nasyonal la ranmase tout sa peyi a genyen kòm richès tankou akeyoloji, istwa l, kilti l ak fòklò l menm jan ak tout bèl zèv achitekti li yo ki ka sèvi kòm temwen bèl pase nou genyen nan listwa nou. Nan sans sa a, moniman, ansyen konstriksyon ki fin kraze yo, anplasman kote zansèt nou yo te genyen tout gwo batay yo, espas tout moun rekonèt kòm sant kwayans afriken nou yo ak tout lòt tras pase nou an dwe jwenn bon jan pwoteksyon bò kote Leta. Lalwa fikse kondisyon espesyal pou chak domèn sa yo jwenn pwoteksyon.

Atik 57.- Gen yon akademi ayisyen ki la pou l fè pwomosyon lang kreyòl la pou l pèmèt li gen bon jan devlopman syantifik epi pou l ka itil Pèp ayisyen an pi byen toujou.

Lalwa fikse òganizasyon ak fonksyonman akademi kreyòl ayisyen an.

Atik 58.- Leta dwe pran tout dispozisyon pou moun andikape yo jwenn edikasyon epi pou yo viv endepandan yon manyè pou yo patisipe nan lavi

Article 59.- L'État et les collectivités territoriales ont le devoir de prendre toutes les dispositions nécessaires à l'alphabétisation de la population. Ils encouragent toutes les initiatives privées tendant à cette fin.

Article 60.- Tout enseignant a droit à un salaire de base juste et équitable.

Article 61.- Hormis les cas de flagrant délit, l'enceinte des établissements d'enseignement est inviolable. Les forces de l'ordre ne peuvent y pénétrer sans l'accord de la direction de ces établissements.

Chapitre X.- La liberté du travail

Article 62.- La liberté du travail est garantie.

Article 63.- Tout employé d'une institution privée ou publique a droit à un juste salaire, au repos, au congé annuel payé et au boni.

Article 64.- L'État garantit au travailleur l'égalité des conditions de travail et de salaire quels que soient son sexe, ses croyances, ses opinions et son statut matrimonial.

Article 65.- La liberté syndicale est garantie. Tout travailleur des secteurs public et privé peut adhérer au syndicat de son choix pour la défense exclusive de ses intérêts de travail.

Les syndicats sont apolitiques, à but non-lucratif et non confessionnel. Nul

sosyete a kòmsadwa.

Atik 59.- Leta ak kolektivite teritoryal yo dwe fè tout mwayen posib pou alfabetize tout moun nan peyi a. Leta ak kolektivite teritoryal yo ap ankouraje tout sektè ki deside bay konkou nan travay sa.

Atik 60.- Lajan yon pwofesè dwe touche kòm salè, dwe sifi pou li menm ak fanmi l viv kòmsadwa.

Atik 61.- Anwetan ka kote yo kenbe yon moun nan men, okenn fòs lòd pa ka antre ak zam anndan enstitisyon ansèyman yo san otorizasyon manm direksyon etablisman yo.

Chapit 10.- Nenpòt moun gen dwa travay lib

Atik 62.- Tout moun gen dwa travay lib.

Atik 63.- Tout anplwaye yon enstitisyon prive oubyen tout anplwaye yon enstitisyon piblik fèt pou yo touche yon lajan ki korèk kòm salè. Yo fèt pou yo gen poz nan travay yo. Chak ane, yo fèt pou yo gen vakans peye ak yon boni.

Atik 64.- Leta dwe kontwòle si tout travayè travay nan bon kondisyon, ni pou pwoteksyon yo, ni pou lajan yo touche kòm salè, kit se fi, kit se gason, kit moun nan marye, kit moun nan pa marye. Kwayans yon moun ak sa li panse pa gen anyen pou wè ak sa.

Atik 65.- Sendika gen dwa fèt lib. Tout travayè enstitisyon piblik kou prive gen dwa manm yon sendika k ap okipe travayè ki nan jan de travay sa a, depi se afè travay l ap okipe.

Sendika yo pa gen dwa nan politik. Sendika yo pa la pou fè lajan. Sendika

ne peut être contraint d'y adhérer.

Article 66.- Le droit de grève est reconnu dans les limites déterminées par la loi. Néanmoins, un service minimum doit être garanti en toute circonstance, sous peine de sanction.

Article 67.- La loi fixe la limite d'âge pour le travail salarié. Des lois spéciales réglementent le travail des mineurs et des gens de maison.

Article 68.- L'État garantit à tous la sécurité sociale, suivant les critères et modalités établis par la loi.

Chapitre XI.- La liberté économique

Article 69.- La liberté économique est garantie tant qu'elle ne s'oppose pas à l'intérêt social. L'État encourage l'entreprise privée dans les conditions nécessaires à l'accroissement de la richesse nationale et de manière à assurer la participation du plus grand nombre au bénéfice de cette richesse.

L'État prend des mesures pour favoriser un accès égal de tous les citoyens au crédit et aux services financiers.

La Banque centrale fixe chaque année le taux d'usure applicable sur le territoire national.

Article 70.- Aucun monopole ne peut être établi en faveur de l'État et des collectivités territoriales que dans l'intérêt exclusif de la société. Ce monopole ne peut être cédé à un particulier.

Article 71.- Il est créé un organisme public indépendant jouissant de la personnalité juridique dénommé : Autorité de la

yo pa la pou zafè relijyon. Yo pa kapab fòse moun antre nan sendika.

Atik 66.- Moun gen dwa fè grèv, lalwa di nan ki kondisyon pou sa fèt. Men tou, fòk moun k ap planifye grèv yo fè yon jan pou yo garanti yon sèvis minimòm nan tout sikonstans pou yo pa pran sanksyon kont yo.

Atik 67.- Lalwa fikse limit laj yon moun dwe genyen pou li travay kòm salarye. Gen lwa espesyal ki fikse regleman pou travay timoun ak moun k ap travay lakay moun.

Atik 68.- Leta la pou l bay tout sitwayen sekirite sosyal epi sa dwe fèt selon tout kondisyon lalwa fikse pou sa.

Chapit 11.- Libète ekonomik

Atik 69.- Tout moun lib pou yo mete antrepriz sou pye depi sa pa fèt kont enterè sosyete a.

Leta ap ankouraje antrepriz prive nan tout mannyè pou peyi a ka vin pi rich epi pou plis moun ka patisipe ak benefisye nan kreyasyon richès sa a.

Leta dwe pran mezi nesèsè pou pèmèt tout sitwayen san paspouki jwenn kredi ak lòt sèvis finansye.

Chak ane Bank santral ap fikse kantite enterè pou yo mete sou prè yo sou teritwa nasyonal la.

Atik 70.- Yo pa ka tabli okenn sistèm monopòl anfavè Leta ak kolektivite teritoryal yo sof si monopòl sa ta nan enterè sosyete a sèlman. Yo p ap ka lage monopòl sa a nan men yon moun.

Atik 71.- Yo kreye Otorite konkirans lan, yon òganis piblik endepandan ki gen yon

concurrence.

L'Autorité de la concurrence est chargée de lutter contre les pratiques anticoncurrentielles, d'étudier le fonctionnement des marchés, d'assurer l'ordre public économique et la promotion de la concurrence loyale. Elle prend des sanctions financières et administratives contre les opérateurs qui violent la législation relative à la concurrence loyale.

La loi fixe le mode d'organisation et de fonctionnement de l'Autorité de la concurrence.

Chapitre XII.- L'imposition

Article 72.- Aucune imposition ne peut être établie que par la loi.

Article 73.- La loi sanctionne les infractions contre le fisc et l'enrichissement illicite.

Les fonctionnaires qui ont connaissance de tels faits ont pour devoir de les signaler à l'autorité compétente.

Chapitre XIII.- La propriété

Article 74.- La propriété privée légalement acquise est reconnue et garantie par l'État. La loi en détermine les modalités d'acquisition et de jouissance, ainsi que les limites.

Article 75.- La spoliation est interdite et réprimée par la loi. Des circonstances aggravantes sont prévues par la loi pour les spoliateurs en position d'autorité.

L'État prend toutes les dispositions pour rétablir rapidement dans son droit le propriétaire injustement privé de la jouissance de ses biens.

pèsonalite jiridik.

Otorite Konkirans lan reskonsab: goumen kont pratik k ap kraze prensip konkirans lan, etidye fonksyonman mache yo, mete lòd nan ekonomi peyi a epi fè pwomosyon pou yon fòm konkirans onèt. Òganis sa a ap pran sanksyon finansye ak sanksyon administratif kont tout operatè k ap vyole regleman ki konsène fòm konkirans ki pa gen kou nan do a.

Lalwa fikse kondisyon òganizasyon ak fonksyonman Otorite Konkirans lan.

Chapit 12.- Enpo

Atik 72.- Se lalwa sèlman ki kapab fikse enpo yo.

Atik 73.- Lalwa pini tout zak vyolasyon kont lwa fiskal yo ansanm ak zak fè lajan nan move kondisyon.

Tout fonksyonè ki konnen gen zak kon sa k ap fèt dwe rapòte yo bay otorite ki gen konpetans pou trete ka sa yo.

Chapit 13.- Dwa pou moun gen byen

Atik 74.- Leta la pou l pwoteje pwopriyete prive moun genyen yon fason legal. Lalwa fikse kondisyon ansanm ak limit sou fason pou yon moun gen byen epi sou fason pou l jwi byen sa yo.

Atik 75.- Lalwa entèdi epi kondane tout moun ki vòlè byen moun. Lalwa prevwa sikonstans ki pi grav toujou pou otorite k ap sèvi ak pozisyon yo pou vòlè byen moun.

Leta ap pran tout dispozisyon san pèdi tan pou li pèmèt pwopriyetè yo te vòlè byen l lan retounen jwi tout dwa l

Article 76.- L'expropriation pour cause d'utilité publique peut avoir lieu moyennant le paiement ou la consignation ordonnés par justice aux ordres de qui de droit, d'une juste et préalable indemnité fixée à dire d'expert.

Si le projet initial est abandonné, l'expropriation est annulée et l'immeuble ne pouvant être l'objet d'aucune autre transaction, doit être restitué à son propriétaire originaire, sans aucun remboursement pour le propriétaire modeste.

La mesure d'expropriation est effective à partir de la mise en œuvre du projet.

Article 77.- Le droit de propriété ne s'étend pas au littoral, aux sources, rivières, cours d'eau, mines et carrières. Ils font partie du domaine public de l'État.

Article 78.- La propriété intellectuelle, scientifique, littéraire, artistique et industrielle, est protégée par la loi.

Chapitre XIV.-

L'Administration et la fonction publiques

Article 79.- L'Administration publique nationale est impersonnelle. Elle a pour finalité la satisfaction de l'intérêt général. Elle est l'instrument par lequel l'État réalise ses missions et objectifs. Pour garantir sa performance, elle doit être gérée avec honnêteté, efficacité et rationalité.

L'Administration publique nationale est constituée de l'Administration d'État et de l'Administration des collectivités

genyen sou byen sa yo.

Atik 76.- Leta kapab deklare pwopriyete yon moun kòm byen piblik pou rezon itilite piblik. Pou sa fèt, fòk Leta depoze yon lajan oubyen fòk gen yon dokiman otorite Lajistis ki gen konpetans pou sa bay. Se sou baz evalyasyon yon espesyalis Leta ap fikse lajan dedomajman an.

Si yo kite pwojè yo t ap fè anvan an, y ap anile mezi deklarasyon pwopriyete moun nan kòm byen piblik la, epi yo p ap gen dwa fè okenn tranzaksyon sou byen sa a. Nan ka yon moun ki pa gen lòt byen, Leta ap remèt byen sa a san pwopriyete a pa remèt lajan dedomajman an.

Y ap aplike mezi deklarasyon pwopriyete moun nan kòm byen piblik la kou yo kòmanse reyalize pwojè a toutbon vre.

Atik 77.- Dwa pwopriyete a pa konsène lanmè a, sous dlo yo, rivyè yo, ravin yo, min ak tou sab yo. Tout se byen piblik Leta.

Atik 78.- Lalwa pwoteje pwopriyete entèlektyèl, pwopriyete syantifik, pwopriyete literè, pwopriyete atistik ak pwopriyete endistriyèl.

Chapit 14.-

Administrasyon piblik la ak fonksyon piblik yo

Atik 79.- Administrasyon piblik nasyonal la pa byen prive okenn moun. Li dwe travay nan enterè tout moun. Administrasyon piblik la se zouti Leta pou l reyalize misyon ak objektif li yo. Pou Administrasyon piblik la bay bon jan rezilta, se pou yo jere l nan ladwati, efikasite ak bon jan prensip.

Administrasyon Leta ansanm ak Administrasyon kolektivite teritoryal

territoriales.

L'Administration publique nationale garantit l'égalité de traitement et d'accès des citoyens aux services publics, sans considération de sexe, d'origine, de langue, de croyance, d'opinion et de statut matrimonial.

Des objectifs sont fixés à l'Administration publique et celle-ci doit rendre compte de ses résultats.

Article 80.- L'Administration publique repose sur les principes de l'aptitude, du mérite et de la discipline.

Article 81.- La fonction publique est une carrière. Aucun fonctionnaire ne peut être engagé que par voie de concours ou selon d'autres voies prescrites par la Constitution et par la loi, ni être sanctionné que pour des causes déterminées par la loi.

Le contentieux de l'Administration publique est réservé aux juridictions administratives.

Article 82.- Les fonctionnaires et employés publics sont exclusivement au service de l'État ou des collectivités territoriales. Ils sont tenus à l'observation stricte des normes et éthique déterminées par la loi sur la fonction publique.

Le cumul des fonctions publiques salariées dans l'État ou dans les collectivités territoriales est interdit, sauf pour l'enseignement ou les études, et sous réserve des dispositions particulières.

Article 83.- Les fonctionnaires et employés publics peuvent s'associer pour défendre leurs

yo fòme Administrasyon piblik nasyonal la.

Administrasyon piblik nasyonal la dwe pèmèt moun jwenn menm tretman san paspouki epi li dwe pèmèt sitwayen yo jwenn sèvis piblik yo san li pa konsidere sèks yo, kote yo soti, lang yo pale, kwayans yo, opinyon yo ak kondisyon yo kòm moun marye oubyen kòm moun ki pa marye.

Administrasyon piblik la chwazi objektif pou li bay tèt li epi li dwe fè popilasyon an konnen ki rezilta li jwenn nan kad travay li yo.

Atik 80.- Administrasyon piblik la chita sou prensip konpòtman, konpetans, ladwati ak disiplin.

Atik 81.- Fonksyon piblik la se yon karyè. Pou yon moun antre nan fonksyon piblik la, fòk li pase nan konkou oubyen li ranpli tout lòt kondisyon Konstitisyon an ak lalwa prevwa pou sa.

Lalwa fikse kondisyon pou yo revoke moun nan fonksyon piblik la.

Se jiridiksyon administratif yo ki gen konpetans pwononse yo sou konfli nan Administrasyon piblik la.

Atik 82.- Fonksyonè ak anplwaye piblik yo ap travay pou Leta oubyen kolektivite teritoryal yo sèlman. Yo dwe respekte tout prensip fonksyonman ak tout prensip disiplin lalwa sou fonksyon piblik la tabli.

Okenn fonksyonè pa gen dwa okipe plizyè pòs kote Leta ap peye l nan fonksyon piblik la oubyen nan kolektivite teritoryal yo, anwetan anseyan, konsiltan, ak nan ka kote gen kèk dispozisyon espesyal ki pèmèt sa.

Atik 83.- Fonksyonè ak anplwaye piblik yo kapab mete asosyasyon kanpe pou

droits dans les conditions prévues par la Constitution et par la loi.

Article 84.- Les militaires en activité de service ne peuvent être nommés à aucune fonction publique de nature civile.

Article 85.- Les membres de la force publique exercent leur droit de vote, conformément à la Constitution et à la loi.

Article 86.- Un militaire ou un policier peut se porter candidat à une fonction élective un (1) an après la cessation de ses fonctions au sein de la force publique.

Chapitre XV.- Les droits des étrangers

Article 87.- Les conditions d'admission et de séjour des étrangers en Haïti sont établies par la loi.

Article 88.- L'étranger jouit des droits civils, des droits économiques et sociaux sous la réserve des dispositions légales relatives au droit de propriété immobilière, à l'exercice des professions, au commerce de gros, à la représentation commerciale et aux opérations d'importation et d'exportation.

Article 89.- Le droit d'asile est reconnu à toute personne qui, craignant avec raison d'être persécutée du fait de sa race, de sa religion, de sa nationalité, de son appartenance à un certain groupe social ou de ses opinions politiques, se trouve hors du pays dont elle a la nationalité et qui ne peut ou, du fait de cette crainte, ne veut se réclamer de la protection de ce pays ; ou qui, si elle n'a pas de

defann dwa yo dapre kondisyon Konstitisyon an ak lalwa prevwa.

Atik 84.- Yo pa ka nome yon militè nan sèvis nan okenn pòs sivil nan fonksyon piblik la.

Atik 85.- Dapre lalwa ak Konstitisyon an, manm fòs piblik yo gen dwa vote.

Atik 86.- Yon militè oubyen yon polisye kapab poze kandida pou yon pòs kote li dwe pase nan eleksyon yon lane apre li kanpe sou tout fonksyon li te genyen nan fòs piblik la.

Chapit 15.- Dwa etranje yo

Atik 87.- Lalwa fikse kondisyon pou etranje antre nan peyi a. E lalwa fikse kondisyon pou etranje rete nan peyi a.

Atik 88.- Etranje yo gen dwa sivil, dwa ekonomik ak dwa sosyal yo tout pandan y ap konsidere sa lalwa di sou divès dwa, tankou : dwa pou yo posede tè ak kay, dwa pou yo pratike yon pwofesyon, dwa pou yo fè komès angwo, dwa pou yo reprezante yon antrepriz komèsyal oubyen pou yo fè biznis vann ak biznis achte ak peyi etranje.

Atik 89.- Tout moun ki gen laperèz akòz yo kapab sibi pèsèkisyon poutèt koulè po yo, relijyon yo, nasyonalite yo, fè pati kèk gwoup sosyal oubyen pou opinyon politik yo, gen dwa jwenn azil, depi moun sa a pa nan peyi kote li gen nasyonalite li a epi akòz laperèz sa a, li pa vle reklame pwoteksyon peyi sa a ; oubyen moun sa a san nasyonalite epi li pa nan peyi kote li gen rezidans li a,

nationalité et se trouve hors du pays dans lequel elle avait sa résidence habituelle, ne peut ou, en raison de ladite crainte, ne veut y retourner.

Chapitre XVI.- Les devoirs du citoyen

Article 90.- À la qualité de citoyen se rattache le devoir civique. Tout droit est contrebalancé par le devoir correspondant.

Article 91.- Le devoir civique est l'ensemble des obligations du citoyen dans l'ordre moral, politique, social et économique vis-à-vis de l'État et de la Patrie. Ces obligations sont de :

- a) respecter la Constitution et l'emblème national ;
- b) respecter les lois et les règlements;
- c) participer aux élections et référendums en toute liberté;
- d) acquitter les impôts et les taxes ;
- e) participer aux jurys en matière pénale ;
- f) défendre la Patrie en cas de guerre;
- g) s'instruire et se perfectionner;
- h) respecter et protéger l'environnement ;
- i) respecter les deniers et biens de l'État ;
- j) respecter le bien d'autrui ;
- k) ne pas faire de la propriété privée un usage contraire à l'intérêt général ;
- l) œuvrer pour le maintien de la paix;
- m) fournir assistance aux personnes en

epi akoz menm laperèz sa a, li pa fè lide retounen la ankò.

Chapit 16.- Devwa sitwayen yo

Atik 90.- Tout sitwayen dwe fè devwa sivik li. Chak dwa li genyen makònen ak yon devwa pou pwoteje dwa sa a.

Atik 91.- Devwa sivik la mande pou sitwayen an fè tout sa ki nesesè pou Leta ak pou pèp li, nan konduit li, nan sèvis peyi l, nan jan li sèvi ak lòt moun nan peyi a ak nan koze ekonomi. Men ki sa yon sitwayen dwe fè:

- a) respekté Konstitisyon an ak drapo peyi a;
- b) respekté lwa ak regleman yo;
- c) patisipe nan eleksyon ak nan referandòm, san yo pa fòse l;
- d) peye enpo ak taks;
- e) sèvi kòm manm jiri nan jijman penal;
- f) defann peyi l si gen lagè;
- g) chèche konnen epi chèche ogmante konesans li ;
- h) respekté epi pwoteje anviwònman an ;
- i) respekté lajan Leta ak byen Leta ;
- j) respekté byen lòt moun ;
- k) pa sèvi ak byen prive kont enterè sosyete a ;
- l) travay pou tout moun viv nan lapè ;
- m) toujou prèt pou li pote konkou bay moun ki nan sitiasyon difisil ;

danger ;

n) respecter les droits et la liberté d'autrui.

Toute dérogation à ces obligations est punie par la loi.

Article 92.- L'État met en place un service civique mixte obligatoire. La loi en détermine l'organisation et le fonctionnement.

Chapitre XVII.- La protection du citoyen

Article 93.- Il est créé un organisme public indépendant dénommé : Office de la protection du citoyen.

L'Office de la protection du citoyen a pour mission de protéger les individus contre toutes les formes d'abus de l'Administration publique, de promouvoir et de défendre les droits humains.

Dans l'exercice de ses fonctions, l'Office de la protection du citoyen accorde une attention spéciale aux plaintes déposées par les femmes, particulièrement en ce qui a trait aux discriminations et aux agressions dont elles peuvent être victimes notamment dans leur travail.

Article 94.- L'Office de la protection du citoyen est dirigé par un citoyen qui porte le titre de Protecteur du citoyen.

Le Protecteur du citoyen est nommé par le Président de la République avec l'accord de l'Assemblée nationale.

Son mandat est fixé à sept (7) ans pendant lequel il est inamovible, sauf en cas de démission ou de décès. Il n'est pas renouvelable.

n) respecte dwa ak libète lòt moun.

Lalwa ap pini tout moun ki pa respecte obligasyon sa yo.

Atik 92.- Leta tabli yon sèvis sivik mik obligatwa. Lalwa fikse prensip òganizasyon ak prensip fonksyònman sèvis la

Chapit 17.- Pwoteksyon sitwayen

Atik 93.- Leta kreye Biwo pwoteksyon sitwayen an, yon òganis piblik endepandan.

Biwo pwoteksyon sitwayen an la pou li pwoteje tout moun kont tout kalite abi yo kapab sibi nan Administrasyon piblik la epi li la pou li fè pwomosyon ak defann dwa moun.

Nan kad travay Biwo pwoteksyon sitwayen an, li dwe veyatif sou tout plent medam yo depoze, espesyalman plent ki konsène zak diskriminasyon ak zak vyolans yo kapab viktim nan travay yo.

Atik 94.- Yon sitwayen ki gen tit Pwotektè sitwayen ap dirije Biwo pwoteksyon sitwayen an.

Prezidan Repiblik la ap antann li ak Asanble nasyonal la pou li nome Pwotektè sitwayen an.

Pwotektè sitwayen an gen yon manda sèt (7) lane epi yo pa ka ranplase li pandan tan sa a, sof si li bay demisyon li oubyen li ta mouri. Li pa ka gen yon lòt manda kòm Pwotektè.

Article 95.- L'organisation et le fonctionnement de l'Office de la protection du citoyen sont fixés par une loi organique.

Atik 95.- Yon lwa òganik fikse òganizasyon ak fonksyònman Biwo pwoteksyon sitwayen an.

**TITRE III.-
SOVERAINETÉ NATIONALE**

**Chapitre I^{er}. -
Dispositions générales**

Article 96.- La souveraineté nationale réside dans l'universalité des citoyens.

Les citoyens exercent directement les prérogatives de la souveraineté à l'occasion de :

- a) l'élection du Président de la République ;
- b) l'élection des députés ;
- c) l'élection des membres des collectivités territoriales ;
- d) le référendum.

Article 97.- Les citoyens délèguent l'exercice de la souveraineté nationale à trois pouvoirs :

- a) le Pouvoir législatif ;
- b) le Pouvoir exécutif ;
- c) le Pouvoir judiciaire.

Le principe de la séparation des trois pouvoirs est consacré par la Constitution.

Aucun pouvoir ne peut sortir des limites qui lui sont imparties par la Constitution.

Article 98.- Les trois pouvoirs sont indépendants dans l'exercice de leurs fonctions respectives. Ils collaborent les uns avec les autres au nom de l'intérêt supérieur de l'État.

Article 99.- Le suffrage est toujours universel et secret.

Article 100.- Pour assurer la vitalité de la vie politique et de la démocratie, et pour encourager la participation civique, l'État garantit à tous les citoyens et citoyennes le droit de former librement

**TIT 3.-
SA KI FÈ PEYI AYITI GRANMOUN TÈT LI**

**Chapit premye.-
Dispozisyon jeneral yo**

Atik 96.- Dwa granmoun peyi Ayiti chita sou do tout sitwayen yo san mank.

Sitwayen yo egzèsè dwa granmoun peyi a lè gen :

- a) eleksyon Prezidan Repiblik la ;
- b) eleksyon depite yo ;
- c) eleksyon manm kolektivite teritoryal yo ;
- d) referandòm.

Atik 97.- Sitwayen yo lage dwa granmoun peyi a nan men twa (3) pouvwa :

- a) Pouvwa lejislatif la ;
- b) Pouvwa egzekitif la ;
- c) Pouvwa jidisyè a.

Konstitisyon an tabli prensip separasyon twa (3) pouvwa sa yo.

Okenn pouvwa pa ka depase limit Konstitisyon an ba li yo.

Atik 98.- Twa pouvwa yo endepandan nan kad egzèsis fonksyon pa yo chak. Yo kolabore youn ak lòt nan enterè siperyè Leta a.

Atik 99.- Vòt la toujou fèt sou baz prensip yon moun yon vwa e li toujou sekre.

Atik 100.- Pou Leta kenbe lavi politik la ak lavi demokrasi an vivan, epi ankouraje patisipasyon sivik, li ankouraje tout moun fòmè pati politik yo lib e libè epi fè yo fonksyone selon lwa ki la pou sa

des partis politiques et de les faire fonctionner dans le cadre des lois en vigueur.

Article 101.- Le financement des élections nationales et locales ainsi que des référendums est assumé par l'État conformément à la loi.

Un plafond des dépenses de campagnes électorales est fixé par la loi électorale.

Le dépassement de ce plafond entraîne l'annulation de l'élection du ou des candidats concernés selon les dispositions de la loi électorale.

À l'occasion des élections nationales, les partis politiques ayant obtenu au moins 10 % des suffrages exprimés à l'échelle nationale ont droit au remboursement des frais engagés.

À l'occasion des élections locales, les partis politiques ayant obtenu au moins 10 % des suffrages exprimés à l'échelle de la circonscription territoriale concernée ont droit au remboursement des frais engagés.

Ces remboursements sont proportionnels au nombre de suffrages recueillis.

La loi électorale complète les dispositions du présent article et fixe ses modalités d'application.

Chapitre II.- Le Pouvoir législatif

Section 1^{re}.- L'organisation et le fonctionnement du Pouvoir législatif

Article 102.- Le Pouvoir législatif s'exerce par une chambre représentative composée de députés élus au suffrage universel direct et dénommée : Assemblée nationale.

L'Assemblée nationale constitue le Parlement ou Corps législatif.

yo.

Atik 101.- Dapre lalwa se Leta ki dwe bay lajan pou òganize eleksyon prezidanyèl, eleksyon lejislatif, eleksyon lokal ansanm ak referandòm yo.

Lwa elektoral la fikse pi gwo kantite lajan ki dwe depanse nan kanpay elektoral.

Dapre tout dispozisyon ki nan lwa elektoral la, y ap anile eleksyon kandida ki depanse plis lajan pase sa ki te prevwa yo.

Nan eleksyon prezidansyèl yo, pati politik ki fè dis (10) pousan vwa nan tout peyi a, gen dwa resevwa lajan yo te depanse nan eleksyon yo.

Nan eleksyon lokal yo, pati politik ki fè dis (10) pousan vwa nan sikonskripsyon teritoryal konsène a, gen dwa resevwa lajan yo te depanse nan eleksyon yo.

Lajan pati politik yo ap resevwa a depann de kantite vwa yo fè.

Lwa elektoral la konplete tout dispozisyon ki nan atik sa a epi l ap tou fikse kondisyon pou yo aplike atik sa a.

Chapit 2.- Pouvwa lejislatif la

Seksyon premye.- Òganizasyon ak fonksyonman Pouvwa lejislatif la

Atik 102.- Asanble nasyonal se yon chanm ki gen depite pèp la vote nan eleksyon k ap egzèsè Pouvwa lejislatif la.

Se Asanble nasyonal la ki Palman an oubyen Kò lejislatif la.

Article 103.- Les députés sont élus au scrutin majoritaire uninominal à un tour.

Le territoire national est divisé en circonscriptions géographiques qui désignent chacune un député.

Afin d'assurer la représentation des Haïtiens vivant à l'étranger, des circonscriptions extraterritoriales sont créées.

La loi électorale en détermine le nombre et les limites géographiques. Le nombre de sièges pourvus par les Haïtiens vivant à l'étranger ne saurait être inférieur à 10 % de l'ensemble total des sièges de députés.

Article 104.- L'élection des députés a lieu au plus tard deux mois avant la fin de la législature en cours.

Les députés entrent en fonction le deuxième lundi de janvier qui suit leurs élections et siègent en deux (2) sessions annuelles. La durée de leur mandat forme une législature.

Article 105.- Pour être candidat à la députation, il faut remplir les conditions suivantes :

- a) être haïtien ;
- b) être âgé de vingt-deux (22) ans au moins ;
- c) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou infamante ;
- d) exercer légalement une profession ou un métier ;
- e) être en règle avec le fisc ;
- f) résider dans la circonscription depuis trois (3) années consécutives

Atik 103.- Depite yo pase nan eleksyon yon sèl tou pou yon kandida ki fèt nan sikonskripsyon pa yo a sou baz majorite moun ki vote pou yo.

Teritwa nasyonal la divize an sikonskripsyon sou baz kantite moun k ap viv ladan l, e chak sikonskripsyon gen pou l chwazi yon depite nan eleksyon.

Nan lide pou pèmèt Ayisyen k ap viv nan etranje yo gen syèj yo nan Asanble nasyonal la, lwa elektoral la ap kreye lòt sikonskripsyon ki pa sou teritwa a.

Lwa elektoral la ap fikse kantite si konskripsyon ak zòn kote sikonskripsyon sa yo ye. Kantite syèj pou Ayisyen k ap viv nan peyi etranje yo pa dwe pi piti pase dis pou san (10%) kantite syèj depite yo.

Atik 104.- Eleksyon depite yo ap fèt, pou pi ta, de (2) mwa anvan manda lejislati ki la a bout.

Depite yo ap pran fonksyon dezyèm lendi mwa Janvyè ki vini tousuit apre eleksyon yo epi y ap syeje pandan de (2) sesyon chak ane. Dire manda yo reprezante yon lejislati.

Atik 105.- Pou yon moun kandida pou depite, fòk li :

- a) ayisyen ;
- b) genyen vennde (22) lane pou pi piti ;
- c) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men okenn jij ;
- d) pratike yon pwofesyon oubyen yon metye nan respè lalwa ;
- e) peye tout taks ak enpo l yo lè sa

avant la date de l'élection.

Article 106.-Le mandat de député est incompatible avec toute fonction rétribuée par l'État, sauf celle d'enseignant.

Ne peuvent être élus députés :

- a) les concessionnaires ou cocontractants de l'État pour l'exploitation des services publics ;
- b) les ministres, les secrétaires d'État, les directeurs généraux de l'Administration publique, les juges et les officiers du ministère public dont les fonctions n'ont pas cessé un an avant la date des élections ;
- c) toute personne se trouvant dans les autres cas d'inéligibilité prévus par la présente Constitution et par la loi.

Article 107.-Les députés sont élus pour cinq (5) ans et sont indéfiniment rééligibles.

L'Assemblée nationale est renouvelée intégralement tous les cinq (5) ans.

Article 108.- Les députés prêtent le serment suivant lors de leur prise de fonction :

« Je jure de m'acquitter loyalement de ma tâche, de maintenir et de sauvegarder les droits du Peuple haïtien et d'être fidèle à la Constitution. »

Article 109.-Durant leur mandat, les députés jouissent de l'immunité dans les conditions et limites fixées par la Constitution.

dweèt ;

- f) rete nan sikonskripsyon an pandan twa (3) lane youn dèyè lòt anvan dat eleksyon an.

Atik 106.- Pandan tan manda depite yo, yo pa ka gen okenn lòt fonksyon Leta kote moun gen salè, anwetan fonksyon pwofesè.

Moun ki pa ka pase nan eleksyon pou depite :

- a) Moun k ap jere byen pou Leta, oubyen moun ki gen kontra pou yo jere yon sèvis piblik Leta ;
- b) Minis, sekretè d Eta yo, direktè jeneral yo, jij yo, komisè Gouvènman ak sibtititè komisè Gouvènman ki te toujou an fonksyon youn lane anvan dat eleksyon yo ;
- c) tout moun ki nan sitiyasyon kote Konstitisyon sa a ak lalwa pa pèmet yo poze kandida nan eleksyon.

Atik 107.- Depite yo pase nan eleksyon pou senk (5) lane, yo kapab gen plizyè manda youn dèyè lòt.

Asanble nasyonal la ap renouvle chak senk (5) lane.

Atik 108.- Nan moman depite yo ap pran fonksyon y ap fè sèman ki vini ann apre a :

« Mwen sèman pou m fè travay mwen nan ladwati, pou m konsève ak defann tout dwa Pèp ayisyen genyen epi m ap respekte tout sa ki nan Konstitisyon an. »

Atik 109.- Konstitisyon an fikse kondisyon ak limit iminite depite yo genyen an pandan tout tan manda yo a.

Iminite palmantè a pwoteje depite yo

L'immunité parlementaire protège les députés dans le cadre des activités relevant de leurs attributions.

Les actes de corruption, ou tous autres crimes, les délits et les contraventions commis par les députés sont poursuivis devant les juridictions de droit commun.

Les députés peuvent faire l'objet de mesures d'arrestation en cas de flagrant délit et en cas de condamnation définitive. Le Bureau de l'Assemblée nationale en est informé sans délai.

Article 110.- En cas de décès, de démission, de déchéance, de condamnation judiciaire ou d'acceptation d'une fonction incompatible avec celle de membre de l'Assemblée nationale, il est pourvu au remplacement du député par une élection partielle. Le député ainsi élu achève le mandat de son prédécesseur.

L'assemblée primaire électorale est convoquée par le Conseil électoral permanent dans le mois qui suit l'enregistrement de la vacance.

L'élection a lieu dans les trente (30) jours qui suivent la convocation du corps électoral de la circonscription concernée.

Il en est de même en cas d'annulation d'une ou de plusieurs élections prononcées par la Cour constitutionnelle dans une ou plusieurs circonscriptions.

Cependant, si la vacance se produit au cours de la dernière session ordinaire de la législature ou après la session, il n'y a pas lieu à élection partielle.

Est déchu de sa qualité de député celui qui, pendant son mandat, est frappé d'une condamnation à une peine afflictive ou infamante prononcée par un tribunal de droit commun ayant acquis l'autorité de la chose jugée.

nan kad aktivite y ap mennen ki gen rapò ak wòl yo kòm palmantè.

Yo kapab rapousib depite yo devan jiridiksyon dwa komen yo pou zak koripsyon, oubyen tout lòt krim, deli ak kontravansyon yo komèt.

Yo kapab arete depite yo bare nan men k ap fè move ak depite ki gen yon kondanasyon definitiv. Y ap fè Biwo Asanble nasyonal la konnen sa lapoula.

Atik 110.- Nan ka kote yon depite mouri, li demisyone, li pèdi pòs li, li pran yon kondanasyon Lajistis oubyen li aksepte yon pòs ki pa mache ak fonksyon palmantè a, y ap òganize eleksyon nan sikonskripsyon kote li soti a pou yo ranplase l. Depite ki pase nan eleksyon an ap fini rès tan manda depite li ranplase a.

Konsèy elektoral pèmanan an ap konvoke asanble primè elektoral la nan mwa ki vini apre yo konstate vakans lan.

Eleksyon an ap fèt trant (30) jou apre sikonskripsyon elektoral konsène a fin resevwa konvokasyon an.

Sa ap fèt menm jan nan ka kote Lakou konstitisyonèl la anile youn oubyen plizyè eleksyon nan youn oubyen plizyè sikonskripsyon.

Men li p ap nesesè pou gen eleksyon nan sikonskripsyon konsène a si ta gen depite ki pa ka ranpli fonksyon l pandan dènye sesyon òdinè lejislati a oubyen apre sesyon sa a.

Yon depite pèdi pòs li pandan manda l la depi li jwenn yon pinisyon grav oubyen yon pinisyon pou l ta wont devan yon tribinal dwa komen ki gen konpetans pou l pwononse sou ka li a.

Article 111.- À l'ouverture de la première session ordinaire, les députés élisent à la majorité absolue le Bureau de l'Assemblée nationale pour un mandat d'un (1) an.

Article 112.- Les séances de l'Assemblée nationale sont publiques. Néanmoins, elles peuvent avoir lieu à huis clos sur demande de cinq (5) députés au moins.

Article 113.- L'Assemblée nationale ne peut siéger et délibérer sans la présence en son sein d'au moins un tiers (1/3) des députés.

Article 114.- L'année parlementaire est divisée en deux (2) sessions. La première session va du deuxième lundi de janvier au deuxième lundi de juillet. La seconde, du deuxième lundi du mois de septembre au deuxième lundi de décembre.

Dans l'intervalle des sessions ordinaires, et en cas d'urgence, le Président de la République peut convoquer l'Assemblée nationale en session extraordinaire. L'Assemblée nationale ne peut se prononcer sur un objet étranger à l'ordre du jour arrêté par le Président de la République.

Article 115.- L'Assemblée nationale ne peut être dissoute ni ajournée.

Le mandat de ses membres ne peut être ni réduit ni prorogé.

Article 116.- L'Assemblée nationale a son siège à Port-au-Prince. Néanmoins, en cas de force majeure, ce siège peut être transféré dans une autre partie du territoire national.

Article 117.- Le règlement de l'Assemblée nationale détermine les conditions dans lesquelles elle exerce ses attributions constitutionnelles, nomme son

Atik 111.- Nan kòmansman premye sesyon òdinè a, majorite depite Asanble a ap vote Biwo Asanble nasyonal la pou yon manda yon (1) lane.

Atik 112.- Tout seyans k ap fèt nan Asanble nasyonal la piblik. Poutan, depi senk (5) depite pou pi piti mande yon uiklo, seyans lan kapab fèt san piblik.

Atik 113.- Asanble nasyonal la pa ka syeje ni pa pran desizyon san prezans yon tyè (1/3) depite yo pou pi piti.

Atik 114.- Ane palmantè a gen de (2) sesyon. Premye sesyon an kòmanse dezyèm lendi mwa Janvyè pou l fini dezyèm lendi mwa Jiyè. Dezyèm sesyon an kòmanse dezyèm lendi mwa Sektanm pou l fini dezyèm lendi mwa Desanm.

Nan espas tan ki separe sesyon òdinè yo, e depi gen ijans, Prezidan Repiblik la ka deside konvoke Asanble nasyonal la nan yon sesyon estwòdinè. Asanble nasyonal la pa gen dwa pran okenn desizyon sou yon sijè ki pa parèt nan pwogram konvokasyon Prezidan Repiblik la.

Atik 115.- Yo pa kapab ni kraze ni repòte Asanble nasyonal la.

Yo pa ka ni wete ni mete nan tan manda depite yo.

Atik 116.- Asanble nasyonal la gen biwo l nan Pòtoprens. Poutan, depi gen gwo nesite pou sa, yo kapab mete biwo sa a yon lòt kote sou teritwa nasyonal la.

Atik 117.- Asanble nasyonal la ap pran regleman pou fikse tout kondisyon pou li ranpli fonksyon Konstitisyon an ba li, pou l nome pèsonèl li epi tabli prensip

personnel et arrête sa discipline.

L'Assemblée nationale est compétente pour prendre des sanctions disciplinaires à l'encontre de ses membres, notamment en cas d'obstruction empêchant la tenue de ses travaux et de ses séances. Elles sont prononcées à la majorité absolue des députés présents.

Section 2.- L'exercice et les attributions du Pouvoir législatif

Article 118.- Le Pouvoir législatif exerce la fonction législative à titre principal, dans les conditions fixées par la présente Constitution.

Article 119.- La loi fixe les règles concernant :

- a) la citoyenneté, les droits civiques et les libertés publiques ;
- b) les conditions selon lesquelles un étranger peut acquérir la nationalité haïtienne ;
- c) le régime électoral ;
- d) l'organisation territoriale ;
- e) la création des collectivités territoriales, leurs compétences et leurs ressources ;
- f) la nationalité, l'état et la capacité des personnes, les régimes matrimoniaux, les successions et les libéralités ;
- g) la détermination des crimes et délits ainsi que les peines qui leur sont applicables, la procédure pénale, la procédure civile et l'amnistie ;
- h) la création, l'organisation, le fonctionnement et la suppression de juridictions ;
- i) le statut des magistrats, des officiers ministériels et des auxiliaires de la

disziplin li yo.

Asanble nasyonal la gen konpetans pou l pran sanksyon disiplin parapò ak konpòtman manm li yo, espesyalman nan ka kote gen nan yo ki anpeche dewoulman travay ak seyans yo. Se majorite depite prezan yo ki pou decide pran sanksyon yo.

Seksyon 2.- Reskonsablite ak fonskyon Pouvwa lejislatif la

Atik 118.- Prensipal reskonsablite Pouvwa la se se fè lwa dapre kondisyon Konstitisyon sa a prevwa yo.

Atik 119.- Men domèn lalwa yo:

- a) sitwayènte, dwa sivik ak libète piblik ;
- b) kondisyon pou yon etranje vini gen nasyonalite ayisyen ;
- c) òganizasyon ak fonksyonman sistèm elektoral la ;
- d) òganizasyon teritwa a;
- e) kreyasyon divès kategori kolektivite teritoryal yo, konpetans yo ak resous yo;
- f) nasyonalite, sitiyaasyon ak kapasite moun, rejim matrimonyal yo, eritaj ak don;
- g) idantifikasyon krim ak deli ansanm ak sanksyon ki pini zak sa yo, pwosedi penal, pwosedi sivil ak amnisti ;
- h) kreyasyon, òganizasyon, fonksyonman ak eliminasyon jiridiksyon yo ;
- i) pozisyon ak fonksyon jij yo, ofisyè ministeryèl ak oksilyè lajistis yo ;
- j) fonksyon piblik Leta a ak fonksyon

justice ;

- j) la fonction publique d'État et la fonction publique territoriale ;
- k) l'organisation et le fonctionnement des organismes publics indépendants ;
- l) l'état d'urgence et l'état de siège ;
- m) l'assiette, le taux et les modalités de recouvrement des impositions de toute nature et toute autre matière relevant de la fiscalité ;
- n) le régime d'émission de la monnaie ;
- o) les nationalisations d'entreprises et les transferts de propriété d'entreprises du secteur public au secteur privé ;
- p) la recherche, l'exploration et l'exploitation des ressources gazières et pétrolières, des ressources minières, naturelles et énergétiques ;
- q) l'organisation de la sécurité publique et de la défense nationale ;
- r) l'enseignement ;
- s) le droit du travail et de la protection sociale ;
- t) la protection de l'environnement.

Le règlement fixe les règles concernant toute autre matière non prévue au premier alinéa, sauf disposition contraire de la présente Constitution.

Article 120.- L'initiative des lois appartient concurremment au Pouvoir législatif et au Pouvoir exécutif.

Article 121.- Des lois organiques sont adoptées pour compléter la Constitution quand celle-ci le prévoit. La procédure législative ordinaire leur est applicable sous réserve des dispositions spéciales prévues par la

piblik teritoryal la ;

- k) òganizasyon ak fonksyònman òganis piblik endepandan yo ;
- l) eta ijans ak eta syèj ;
- m) kantite lajan, pousantaj ak prensip pou Leta ranmase tout kalite enpo ansanm ak tout lòt kesyon ki konsène fiskalite;
- n) sistèm fabrikasyon lajan peyi a;
- o) nasyonalizasyon antrepriz yo ak privatizasyon antrepriz yo;
- p) rechèch, esplorasyon ak esplwatasyon resous gaz ak resous petwòl yo, min yo, resous natirèl ak resous enèjetik yo;
- q) òganizasyon sekirite piblik ak defans nasyonal la;
- r) ansèyman;
- s) dwa pou moun travay ak pwoteksyon sosyal;
- t) pwoteksyon anviwònman.

Y ap konsidere tout lòt domèn premye paragraf atik sa a pa prevwa yo kòm domèn k ap fonksyone sou baz regleman sof si Konstitisyon an ta vini ak lòt dispozisyon ki ta konsène kèk nan yo.

Atik 120.- Se Pouvwa lejislatif la ansanm ak Pwva egzekitif la ki gen dwa pran inisyativ pwopoze lwa, sof nan ka Konstitisyon an prevwa yo.

Atik 121.- Lè Konstitisyon an prevwa sa, y ap adopte plizyè lwa òganik pou konplete l. Y ap aplike menm pwosedi lejislatif òdinè a pou lwa sa yo, sof nan ka kote Konstitisyon an prevwa lòt

Constitution.

Les lois organiques sont adoptées à la majorité absolue des membres de l'Assemblée nationale.

Elles sont promulguées après avoir été jugées conformes à la Constitution par la Cour constitutionnelle.

Article 122.- Le budget de la République, en recettes et en dépenses, est adopté par l'Assemblée nationale en équilibre sous la forme de loi de finances.

L'initiative des lois de finances appartient au Président de la République, sur proposition du Ministre des Finances.

Le budget de la République comprend le budget général de l'État, les budgets des collectivités territoriales, les budgets des services de l'État gérés de manière autonome et les budgets des comptes spéciaux du Trésor.

La départementalisation du budget de la République est consacrée par la Constitution.

La loi budgétaire détermine, pour chaque année fiscale, la nature et le montant des recettes et des dépenses de l'État. Elle fixe la nature et la proportion des revenus publics attribués aux collectivités territoriales.

Les crédits sont alloués par programme relevant d'un ou de plusieurs services administratifs à l'intérieur d'une administration d'État ou d'une administration de collectivité territoriale.

Aucun amendement parlementaire n'est recevable lorsque son adoption diminue les recettes ou augmente les dépenses sans la prévision correspondante des voies et moyens.

Aucun projet ne peut être ajouté à la

dispozisyon espesyal pou sa.

Pou lwa òganik yo pase, se majorite manm Asanble nasyonal la ki vote pou sa.

Lè Lakou konstitisyonèl la fin konstate lwa sa yo pa depaman ak Konstitisyon an, Prezidan Repiblik la ap pibliye yo.

Atik 122.- Asanble nasyonal la ap vote bidjè Repiblik la, pati resèt yo ak pati depans yo sou fòm lwa finans.

Se Prezidan Repiblik la ki gen reskonsablite pwopoze lwa finans yo apati pwopozisyon li resevwa bò kote Minis Finans lan.

Bidjè Repiblik la genyen : bidjè jeneral Leta a, bidjè kolektivite teritòryal yo, bidjè sèvis Leta yo jere yon mannyè otonòm ak bidjè divès kont espesyal Trezò a.

Dapre Konstitisyon an, montaj ak jesyon bidjè Repiblik la ap fèt pa depatman.

Pou chak ane fiskal, lwa ki konsène bidjè a fikse kalite ak kantite resèt Leta yo e li fikse kalite ak kantite depans Leta yo. Lwa a fikse kalite ak ki kantite lajan ki pou al jwenn kolektivite teritòryal yo.

Kredi ki pral jwenn youn oubyen plizyè sèvis administratif pral depann de pwogram yo genyen. Kit se sèvis ki nan administrasyon piblik la, kit se sèvis ki nan administrasyon kolektivite teritòryal yo.

Yo p ap ka resevwa okenn pwopozisyon chanjman ki soti bò kot Palman an lè chanjman sa yo konsène kesyon diminisyon resèt oubyen ogmantasyon depans Leta yo, si chanjman sa yo pa tou prevwa kouman sa ap fèt.

Yo p ap ka mete okenn pwøjè nan lis

liste de ceux qui figurent dans les programmes prévus dans le projet de loi de finances déposé au Parlement.

Les comptes généraux et le budget de l'État, accompagnés du rapport de la Cour des comptes sont soumis à l'Assemblée nationale par le Ministre des Finances dans les délais établis par la loi. Il en est de même du bilan annuel et des opérations de la Banque centrale, ainsi que de tous les autres comptes de l'État et des collectivités territoriales.

Article 123.- L'exercice administratif commence le 1^{er} octobre de chaque année et finit le 30 septembre de l'année suivante.

Si l'Assemblée nationale n'a pas adopté le budget avant le début de l'exercice administratif, le texte initialement déposé au Parlement est mis en vigueur par décret pris en Conseil des ministres.

Au cas où par la faute de l'Exécutif, le Budget de la République n'a pas été voté, le Président de la République convoque immédiatement l'Assemblée nationale en session extraordinaire à seule fin de voter le budget de l'État.

Sans préjudice des poursuites civiles et pénales engageant leur responsabilité, l'adoption annuelle de la loi de règlement vaut décharge pour l'ensemble des ordonnateurs et des comptables publics.

Si l'Assemblée nationale n'a pas adopté la loi de règlement, le texte initialement déposé au Parlement est mis en vigueur par décret pris en Conseil des ministres.

Article 124.- La politique monétaire est déterminée par la Banque centrale conjointement avec le Ministère des Finances.

La Banque centrale est une institution

pwojè ki antre nan ansanm pwogram ki nan lwa finans yo depoze nan Palman an.

Lalwa fikse dèl pou Minis Finans la remèt kont jeneral yo ak bidjè Leta a ansanm ak rapò Lakou kont yo bay Asanble nasyonal la. Mete sou sa, fòk Minis lan fè Asanble nasyonal la jwenn bilan pou ane a ak bilan operasyon Bank santral ansanm ak bilan tout lòt kont Leta ak kolektivite teritoryal yo.

Atik 123.- Ane administratif la kòmanse premye Oktòb chak ane pou l fini trant (30) Sektanm ane k ap vini an.

Si Asanble nasyonal la pa t vote bidjè la depoze devan l anvan kòmansman egzèsis administratif la, jan l te depoze nan Palman an, Prezidan Repiblik a ap pran yon dekrè nan Konsèy minis yo pou fè bidjè sa a vin gen fòs lalwa.

Nan ka kote Egzekitif ta lakòz bidjè Repiblik la pa t gentan vote, Prezidan Repiblik la ap konvoke Asanble nasyonal la lapoula nan sesyon estwòdinè sèlman pou l vote bidjè Repiblik la.

Lwa finans yo vote chak ane a ap tou sèvi kòm dechaj pou òdonatè ak kontab piblik yo. Men, sa pa anpeche genyen pousuit sivil ak pousuit penal ki fèt kont reskonsab sa yo depi yo pa t byen jere lajan Leta.

Si Asanble nasyonal la pa vote lwa regleman yo, tèks ki depoze nan palman an ap vin gen fòs lalwa apati yon dekrè Prezidan Repiblik la pran nan Konsèy Minis yo.

Atik 124.- Bank santral fikse politik lajan peyi a nan tèt ansanm ak Ministè finans.

Bank santral se yon enstitisyon piblik ki gen pèsonalite jiridik li, otonomi

publique jouissant de la personnalité juridique et de l'autonomie administrative et financière. Son statut est fixé par la loi.

La Banque centrale est investie du privilège exclusif d'émettre la monnaie conformément à la loi.

Article 125.-Toute loi adoptée par l'Assemblée nationale est immédiatement adressée au Président de la République qui, avant de la promulguer et dans un délai de quinze jours francs à compter de la réception du texte, a le droit d'y faire des objections en tout ou en partie. Dans ce cas, le Président de la République renvoie la loi avec ses objections à l'Assemblée nationale.

Si l'Assemblée nationale adopte à nouveau, à la majorité absolue de ses membres, la loi dans sa rédaction initiale, elle est considérée comme définitive. Le Président de la République promulgue cette loi.

Si l'Assemblée nationale ne rejette pas les objections à la majorité absolue de ses membres, la loi est promulguée amputée des dispositions contestées par le Président de la République, à la condition qu'elles soient séparables du reste du texte.

Si l'Assemblée nationale accepte les objections formulées par le Président de la République, la procédure législative ordinaire reprend uniquement sur les parties modifiées de la loi.

Article 126.-Si le Président de la République ne fait aucune objection dans le délai de quinze jours francs, la loi est promulguée, à moins que la session de l'Assemblée nationale n'ait pris fin dans l'intervalle, auquel cas la loi est ajournée.

La loi ainsi ajournée est, à l'ouverture de la session suivante, adressée au

finansyè l ak otonomi administrative li. Lalwa fikse òganizasyon ak fonksyonman enstitisyon sa a.

Dapre lalwa, se sèl Bank santral kòm enstitisyon ki gen dwa mete lajan an sikilasyon nan peyi a.

Atik 125.- Depi Asanble nasyonal la fin vote yon lwa, l ap voye l bay Prezidan Repiblik la san pèdi tan. Anvan Prezidan Repiblik la pibliye lwa a, l ap gen yon dèlè kenz (15) jou fran apre l fin resevwa tèks la pou li fè konnen si l gen pwoblèm ak yon pati nan tèks la oubyen ak tout tèks la. Sizoka Prezidan Repiblik la gen pwoblèm ak tèks la, l ap voye l tounen ansanm ak dezakò li yo bay Asanble nasyonal la.

Si majorite manm Asanble nasyonal la adopte tèks lwa a jan l te ye anvan an, Asanble a ap konsidere l kòm lwa, e Prezidan Repiblik la ap pibliye lwa sa a.

Si majorite manm Asanble nasyonal la pa rejte pwèn dezakò Prezidan Repiblik la sou tèks la, Prezidan an ap pibliye lwa sa a san pwèn li gen dezakò sou yo a, men ak kondisyon pati ki pa la yo pa deranje rèss tèks la.

Si Asanble nasyonal la aksepte pwèn dezakò Prezidan Repiblik la, Asanble a ap reprann pwosedi lejislatif òdinè a sèlman sou pati nan lwa ki mande chanjman an.

Atik 126.-Si Prezidan Repiblik la pa fè konnen li gen lòt pwèn dezakò nan yon dèlè kenz (15) jou fran, fòk Prezidan Repiblik la pibliye lwa a sof nan ka kote pandan peryòd tan sa a sesyon Asanble nasyonal la ta gen tan fèmen, lè sa a y ap kanpe sou piblikasyon lwa sa a.

Président de la République pour l'exercice de son droit d'objection.

Article 127.-Nul ne peut présenter en personne des pétitions à la tribune de l'Assemblée nationale.

Les pétitions sont enregistrées au Bureau de l'Assemblée nationale et il en est donné lecture une fois par mois lors de la session ordinaire.

Article 128.-L'Assemblée nationale exerce une fonction de contrôle sur les politiques publiques mises en œuvre par les ministres.

La mission de contrôle est notamment assumée par les commissions parlementaires.

Outre les commissions permanentes, des commissions d'enquête sont constituées pour éclairer les dysfonctionnements des politiques publiques et des services publics qui y concourent.

Les commissions d'enquête n'ont pas d'attributions juridictionnelles. Elles ont cependant le pouvoir de convoquer tout citoyen, à l'exception du Président de la République.

Une loi organique fixe l'organisation, le fonctionnement et les compétences des commissions d'enquête.

Article 129.- Outre les autres fonctions prévues par la présente Constitution, l'Assemblée Nationale est compétente pour :

- a) ratifier toute décision de déclarer la guerre quand toutes les tentatives de conciliation ont échoué ;
- b) ratifier les traités, accords et conventions internationaux qui sont en conformité avec la Constitution sous forme de loi ;

Nan ouvèti sesyon apre a, Asanble a ap voye lwa ki potko pibliye a bay Prezidan Repiblik la pou l di si l gen lòt pwèn dezakò sou tèks lwa a.

Atik 127.- Okenn Manm Asanble nasyonal la pa gen dwa monte li menm sou tribin Asanble a pou l vin prezante petisyon.

Biwo Asanble nasyonal la ap anrejistre petisyon yo epi l ap li yo yon fwa chak mwa nan sesyon òdinè.

Atik 128.- Asanble nasyonal la gen reskonsablite kontwòl politik piblik minis yo ap aplike. Komisyon palmantè yo gen reskonsablite fè travay kontwòl la.

Bò kote komisyon pèmanan yo, genyen divès komisyon ankèt ki mete sou pye pou fè limyè sou sa ki p ap mache nan politik piblik yo e ki gen rapò ak sa k p ap mache nan sèvis piblik konsène yo.

Komisyon ankèt yo pa gen dwa jwe wòl Lajistis. Men, komisyon ankèt yo gen pouvwa konvoke tout sitwayen, anwètan Prezidan Repiblik la.

Yon lwa òganik ap fikse òganizasyon, fonksyonman ak konpetans komisyon ankèt yo.

Atik 129.- Mete sou lòt fonksyon Konstitisyon an deja bay Asanble nasyonal la, li gen konpetans pou li :

- a) ratifye tout desizyon deklarasyon lagè lè tout jefò pou kapab genyen antan pa bay rezilta ;
- b) ratifye trete entènasyonal, akò entènasyonal ak konvansyon entènasyonal sou fòm lwa depi yo pa depaman ak Konstitisyon an ;

- c) participer à la révision de la Constitution selon la procédure qui y est indiquée ;
- d) ratifier la décision de l'Exécutif de déplacer le siège du Gouvernement en cas de force majeure ;
- e) proroger l'état de siège ou l'état d'urgence décrété par le Président de la République quinze jours après son entrée en vigueur, le cas échéant ;
- f) arrêter avec l'Exécutif les garanties constitutionnelles à suspendre en cas d'état de siège.

Article 130.- L'interprétation des lois par voie d'autorité n'appartient qu'à l'Assemblée nationale ; elle est donnée dans la forme d'une loi.

Article 131.- Les lois et autres actes de l'Assemblée nationale sont rendus exécutoires par leur promulgation et leur publication au journal officiel de la République.
Ils sont numérotés et insérés dans le bulletin imprimé et numéroté ayant pour titre Bulletin des Lois et Actes.

Article 132.- La loi prend date du jour de son adoption définitive par l'Assemblée nationale.

Chapitre III.- Le Pouvoir exécutif

Section 1^{re}. - Dispositions générales

Article 133.- Le Pouvoir exécutif est exercé par le Président de la République. Il est assisté de ministres et de secrétaires d'État.
Le Président de la République est le

- c) patisipe nan travay pasemen nan Konstitisyon an selon pwosedi ki tabli pou sa ;
- d) ratifye desizyon Egzekitif la pran pou li deplase syèj Gouvènman an depi gen gwo nesesite pou sa ;
- e) mete sou tan peryòd eta syèj oubyen eta ijans Prezidan Repiblik la dekrete a, kenz (15) jou apre mezi sa a antre ann aplikasyon, depi sa nesesè ;
- f) antann li avèk Egzekitif la sou garanti konstitisyonèl y ap mete sou kote lè gen eta syèj.

Atik 130.- Se sèl Asanble nasyonal la ki gen pouvwa entèprete lwa yo ; entèpretasyon an fèt sou fòm yon lwa.

Atik 131.- Apre Asanble nasyonal la fin vote nenpòt lwa oubyen nenpòt desizyon, fòk yo obeyi yo, yon fwa Prezidan Repiblik la pibliye yo nan jounal ofisyèl Repiblik la.
Yo bay lwa a yon nimewo epi yo mete l nan yon bilten ki gen nimewo. Non bilten an se: Bilten Lwa ak Desizyon yo.

Atik 132.- Lwa a ap pote dat jou Asanble nasyonal la ba l dènye vòt la.

Chapit 3.- Pouvwa egzekitif la

Seksyon premye.- Dispozisyon jeneral yo

Atik 133.- Prezidan Repiblik la ap egzèse Pouvwa egzekitif la. Prezidan Repiblik la gen minis ak sekretè d Eta k ap travay anba zòd li.

Chef de l'État. Il est également le chef de Gouvernement.

Section 2.- L'élection et le mandat du Président de la République

Article 134.- Le Président de la République est élu au suffrage universel direct, en même temps que le Vice-Président qu'il a choisi, à l'issue d'un scrutin majoritaire à un tour.

L'élection présidentielle a lieu au plus tard deux mois avant la fin du quinquennat.

Article 135.- Le Président de la République est élu pour cinq (5) ans. Son mandat de cinq (5) ans commence le 7 février, jour de sa prestation de serment, et se termine le 7 février de la dernière année du quinquennat.

Le mandat présidentiel ne peut être ni réduit ni prorogé.

Article 136.- Nul ne peut bénéficier de plus de deux (2) mandats présidentiels.

Article 137.- Pour être candidat à la Présidence de la République d'Haïti, il faut remplir les conditions suivantes :

- a) être haïtien de naissance et ne détenir aucune autre nationalité au moment de l'inscription ;
- b) être âgé de trente-cinq (35) ans au moins au moment de l'inscription ;
- c) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou infamante ;
- d) exercer légalement une profession ou un métier ;
- e) être en règle avec le fisc ;

Prezidan Repiblik la se Chèf Leta a. Prezidan Repiblik la se chèf Gouvènman an tou.

Seksyon 2.- Eleksyon ak manda Prezidan Repiblik la

Atik 134.- Prezidan Repiblik la ansanm ak Visprezidan li chwazi a ap pase nan eleksyon yon sèl tou sou baz majorite moun ki vote pou li a.

Eleksyon pou pòs Prezidan an ap fèt, pou pi ta de (2) mwa anvan manda senk (5) lane Prezidan ki an fonksyon bout.

Atik 135.- Prezidan Repiblik la ki pase nan eleksyon an gen yon manda senk (5) lane. Manda senk (5) lane chef Leta a kòmanse sèt (7) Fevriye, jou li prete sèman an, e l ap bout sèt (7) Fevriye nan dènye lane manda senk (5) lane li a.

Yo pa ka ni wete ni mete nan tan manda Prezidan Repiblik la.

Atik 136.- Okenn moun pa ka genyen plis pase de (2) manda kòm Prezidan Repiblik la.

Atik 137.- Pou yon moun kandida pou Prezidan Repiblik Ayiti, fòk li :

- a) fèt Ayisyen epi pa gen lòt nasyolite nan moman l ap enskri kòm kandida a ;
- b) genyen trant senk (35) lane pou pipiti nan moman enskripsyon an ;
- c) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men okenn jij ;
- d) pratike yon pwofesyon oubyen yon metye nan respè lalwa ;
- e) peye tout taks ak enpo l yo, epi

f) résider en Haïti depuis cinq (5) années consécutives avant la date de l'élection.

Ces mêmes obligations s'appliquent au Vice-Président.

Article 138.-Le Vice-Président n'a d'autres fonctions que celles que lui confie le Président de la République.

En cas de décès, de démission ou de destitution du Président de la République, le Vice-Président lui succède immédiatement et achève le mandat présidentiel en cours. Il jouit de la plénitude des attributions du Chef de l'État.

En cas d'empêchement temporaire, constaté par la Cour constitutionnelle à la majorité absolue de ses membres, le Vice-Président assure l'intérim.

En cas d'empêchement définitif, constaté par la Cour constitutionnelle à la majorité des deux tiers (2/3) de ses membres, le Vice-Président succède au Président.

En cas de troubles psychiatriques graves dûment constatés, l'Assemblée nationale sur le rapport motivé de la Cour Constitutionnelle prend acte de l'incapacité du Président de la République à diriger le pays. Dans ce cas, le Vice-Président remplace le Président jusqu'à la fin du mandat présidentiel.

Si le Président et le Vice-Président de la République sont simultanément hors d'état d'assumer leurs fonctions respectives, les pouvoirs présidentiels sont confiés au Président de la Cour constitutionnelle et, s'il en est incapable, au Président de la Cour de cassation. Dans ce cas, le nouveau Président de la République achève le mandat

peye yo lè sa dwe fèt la ;

f) rete ann Ayiti depi senk (5) lane youn dèyè lòt anvan dat eleksyon an

Visprezidan an dwe respekte menm obligasyon sa yo.

Atik 138.- Prezidan Repiblik la ap bay Visprezidan an tout travay li gen pou l fè.

Nan ka kote Prezidan Repiblik la mouri, li demisyone, oubyen yo revoke l, Visprezidan an ap ranplase l lapoula e l ap fin fè rès tan manda Prezidan Repiblik la. Li gen tout pouvwa ak reskonsablite Chèf Leta a.

Nan ka kote majorite manm Lakou konstitisyonèl la konstate Prezidan Repiblik la pa disponib pandan yon bout tan, Visprezidan an ap ranplase l pandan tan sa a.

Nan ka kote majorite de tyè (2/3) manm Lakou konstitisyonèl la konstate Prezidan an pa disponib pou rès tan manda l la, Visprezidan Repiblik la ap ranplase Prezidan Repiblik la.

Nan ka kote Lakou konstitisyonèl la konstate Prezidan Repiblik la gen gwo twoub mantal ki anpeche l dirije peyi a, Lakou konstitisyonèl la ap voye rapò konsta sa a bay Asanble nasyonal la. Lè sa a, Visprezidan an ap ranplase Prezidan Repiblik la pou l fin fè rès tan manda a.

Nan ka kote ni Prezidan Repiblik la ni Visprezidan Repiblik la pa disponib pou yo ranpli fonksyon yo, pouvwa Prezidan an prale nan men Prezidan Lakou konstitisyonèl. Si Prezidan Lakou konstitisyonèl la pa kapab, pouvwa Prezidan Repiblik la prale nan men Prezidan Lakou Kasasyon an.. Nan ka sa a, nouvo Prezidan Repiblik la ap fini rès tan manda Prezidan

présidentiel en cours. Il jouit de la plénitude des attributions du Chef de l'État.

Article 139.- Le Président de la République n'est pas responsable des actes accomplis dans le cadre de ses attributions constitutionnelles, sous réserve de la procédure de destitution devant la Haute Cour de justice.

Les actes de corruption, ou autres crimes, les délits et les contraventions, commis par le Président de la République, sont poursuivis devant les juridictions de droit commun après la fin de son mandat.

Tout délai de prescription ou de forclusion est suspendu durant son mandat.

Article 140.- Avant d'entrer en fonction, le Président de la République prête, devant le Président de la Cour de cassation ou un Doyen du tribunal de première instance, le serment suivant :

« Je jure devant la Nation d'observer et de faire observer fidèlement la Constitution et les Lois de la République, de respecter et de faire respecter les droits du Peuple haïtien, de travailler à la grandeur de la Patrie, de maintenir l'indépendance nationale et l'intégrité du territoire ».

Section 3.- Les attributions du Président de la République

Article 141.- Le Président de la République veille au respect de la Constitution et à la stabilité des institutions.

Il assure le fonctionnement régulier des pouvoirs publics ainsi que la continuité

Republik la e l ap gen tout pouvwa ak reskonsablite Chèf Leta a.

Atik 139.- Prezidan Repiblik la gen iminite pandan tout tan manda li a, sof nan ka kote Wot Kou jistis kòmanse pwosedi revokasyon Prezidan Repiblik la ak nan ka kote Konstitisyon sa a mete limit nan koze iminite sa a.

Yo kapab rapousib Prezidan Repiblik la devan jiridiksyon dwa komen yo pou tout zak koripsyon oubyen tout lòt krim, deli ak kontravansyon apre tan manda li a bout.

Pandan tan manda Chèf Leta a, y ap kanpe sou tout aksyon yo t ap mennen kont li kòm sitwayen devan lajistis.

Atik 140.- Anvan Prezidan Repiblik la pran fonksyon, men sèman l ap fè devan Prezidan Lakou kasasyon an oubyen devan yon Dwayen tribinal premye enstans :

« Mwen sèman devan Nasyon an m ap respekte e m ap fè respekte Konstitisyon an ansanm ak tout lwa Repiblik la kòmsadwa. M ap respekte e m ap fè respekte tout dwa Pèp ayisyen, m ap fè tout sa m kapab pou Pèp ayisyen an toujou rete yon gran pèp, pou li toujou rete mèt lakay li epi pou li pa janm pèdi pi piti moso nan teritwa peyi a. »

Seksyon 3.- Fonksyon ak reskonsablite Prezidan Repiblik la

Atik 141.- Prezidan Repiblik la anchaje fè respekte Konstitisyon an epi travay pou enstitisyon Leta yo rete fèm.

Li reskonsab veye sou fonksyonman nòminal pouvwa piblik yo epi sou

de l'État. Il est le garant de l'indépendance nationale et de l'intégrité du territoire. Il détermine la politique de la Nation.

Article 142.-Le Président de la République est le chef des Forces armées d'Haïti. Il est responsable de la défense nationale.

Article 143.-Le Président de la République décrète l'état d'urgence en Conseil des ministres quand les conditions fixées par la loi sont réunies.

Le régime juridique de l'état d'urgence est fixé par la loi.

Article 144.-Le Président de la République décrète l'état de siège en Conseil des ministres en cas de guerre civile ou d'invasion d'une portion du territoire nationale par une force armée étrangère.

Le régime juridique de l'état de siège est fixé par la loi.

Article 145.- Le Président de la République a le pouvoir réglementaire général.

Article 146.- Le Président de la République nomme par arrêté pris en Conseil des ministres : le Chef d'état-major des Forces armées d'Haïti, le Directeur général de la Police nationale d'Haïti, le Directeur général du Renseignement, les Ambassadeurs et Consuls généraux, le Conseil d'administration de la Banque de la République d'Haïti. Ces choix sont soumis à l'examen de l'Assemblée nationale.

Les nominations sont définitives si, dans le cours d'une session parlementaire et dans un délai de vingt (20) jours ouvrables à partir de la réception de la proposition du Président de la République, elles n'ont pas été

manjye pou pèmèt Leta a kontinye jwe wòl Leta l. Li la pou l pwoteje endepandans nasyonal la epi pou Pèp ayisyen an pa pèdi pi piti moso teritwa peyi a. Se li k ap pran desizyon sou politik nasyon an.

Atik 142.- Prezidan Repiblik la se chèf Fòs lame Ayiti. Li responsab defans nasyonal la.

Atik 143.- Prezidan Repiblik la pran dekrè sou eta ijans nan Konsèy minis yo lè tout kondisyon lalwa fikse pou sa yo reyini.

Lalwa fikse tout kondisyon jiridik ki konsène peryòd eta ijans.

Atik 144.- Prezidan Repiblik la pran dekrè sou eta syèj nan Konsèy minis yo nan ka kote gen gè sivil oubyen nan ka kote gen yon fòs lame etranje ki anwayi yon pati nan teritwa peyi a.

Lalwa fikse tout kondisyon jiridik ki konsène peryòd eta syèj.

Atik 145.- Prezidan Repiblik la gen pouvwa regleman jeneral.

Atik 146.- Prezidan Repiblik la pran arete nan Konsèy minis yo pou li nome : Chèf etamajò Fòs lame Ayiti a, Direktè jeneral Polis nasyonal Ayiti a, Direktè jeneral Ransèyman an, Anbasadè ak Konsil jeneral, Konsèy administasyon Bank Repiblik Ayiti a. Tout chwa sa yo dwe pase devan Asanble nasyonal la pou l analize yo.

Nominasyon yo ap definitiv si, pandan sesyon palmantè a Asanble Nasyonal la kite yon dèlè ven (20) jou fran pase san li pa anliz epi apwouve pwopozisyon Prezidan Repiblik la fè nan sans sa a. Se majorite depite prezan yo ki pou dakò vote pou pwopozisyon sa yo pase.

examinées et approuvées par l'Assemblée nationale. Elles sont approuvées à la majorité des suffrages exprimés par les députés présents.

Article 147.- Le Président de la République, sur la proposition de l'Assemblée nationale statuant à la majorité de ses membres, peut soumettre au référendum tout projet portant sur des réformes économiques, sociales ou environnementales.

Article 148.- Le Président de la République négocie et signe les traités, conventions et accords internationaux.

Article 149.- Le Président de la République accrédite les Ambassadeurs et les Envoyés extraordinaires auprès des Puissances étrangères, reçoit les lettres de créance des Ambassadeurs des Puissances étrangères et accorde l'exéquatur aux Consuls.

Article 150.- Le Président de la République s'adresse à l'Assemblée nationale par des messages. Ils sont lus à la tribune par le Président de l'Assemblée nationale.

Article 151.- Chaque année, à l'ouverture de la première session parlementaire, le Président de la République délivre un discours sur l'état de la Nation. Ce discours n'est suivi d'aucun débat.

Article 152.- Le Président de la République fait sceller les lois du sceau de la République et les promulgue dans le délai prévu à cet effet par la Constitution. Il peut, avant l'expiration de ce délai, user de son droit d'objection.

Article 153.- Le Président de la République est le garant de l'indépendance de la justice. Il veille à l'exécution des décisions

Atik 147.- Sou baz pwopozisyon ki soti nan desizyon majorite manm Asanble nasyonal la, Prezidan Repiblik la kapab mande òganizasyon referandòm sou tout pwojè lwa ki konsène : refòm sosyal, refòm ekonomik ak refòm ki gen pou wè ak anviwònman an.

Atik 148.- Prezidan Repiblik la negosye epi siyen trete entènasyonal, konvansyon entènasyonal ak akò entènasyonal yo.

Atik 149.- Prezidan Repiblik la bay Anbasadè ak Anvwaye estwòdinè bò kote Puisans etranje yo lèt akreditasyon, li resevwa lèt kreyans nan men Anbasadè Puisans etranje yo epi li bay Konsil yo egzekwati.

Atik 150.- Prezidan Repiblik la sèvi ak mesaj pou li kominike ak Asanble nasyonal la. Prezidan Asanble nasyonal la ap li mesaj yo sou tribin nan.

Atik 151.- Chak ane, nan ouvèti premye sesyon palmantè a, Prezidan Repiblik la ap fè yon diskou sou eta Nasyon an. Pa gen deba apre diskou a.

Atik 152.- Prezidan Repiblik la fè mete so Repiblik la sou lwa yo epi l ap pibliye yo nan dèlè Konstitisyon an fikse pou sa. Anvan dèlè sa a bout, li kapab fè konnen tout pwen dezakò li genyen avè yo.

Atik 153.- Prezidan Repiblik la reskonsab pwoteje endepandans lajistis. Dapre lalwa, li la pou li fè yo respekte tout

judiciaires, conformément à la loi.

Article 154.- Le Président de la République a le droit de grâce et de commutation de peine relativement à toute condamnation passée en force de chose jugée, à l'exception de la destitution prononcée par la Haute Cour de justice.

Section 4.- L'indemnité mensuelle et la résidence officielle du Président de la République

Article 155.- Le Président de la République reçoit du trésor public une indemnité mensuelle à compter de sa prestation de serment.

Article 156.- Le Président de la République a sa résidence officielle au Palais national, à Port-au-Prince, sauf en cas de déplacement du siège de la Présidence.

Section 5.- Les ministres et les secrétaires d'État

Article 157.- Le Président de la République nomme les ministres qui constituent le cabinet. Il peut, quand il le juge nécessaire, adjoindre aux ministres des secrétaires d'État.

Les ministres et les secrétaires, sous la présidence du Président de la République, forment le Gouvernement.

Le Gouvernement formule et conduit la politique de la Nation.

Sous la présidence du Président de la République, les ministres se réunissent en Conseil des ministres avec le Vice-Président.

Le Conseil des ministres est un organe de délibération et de décisions.

Article 158.- Pour être nommé ministre ou secrétaire d'État, il faut remplir les conditions

desizyon jistis yo.

Atik 154.- Prezidan Repiblik la gen dwa anile kondanasyon e li gen dwa wete nan tan kondanasyon pou tout ka lajistis deja jije, anwetan ka kote Wot Kou jistis la pwononse yon desizyon revokasyon.

Seksyon 4.- Salè chak mwa ak frè rezidans ofisyèl Prezidan Repiblik la

Atik 155.- Prezidan Repiblik la resevwa yon salè chak mwa nan trezò piblik la apati dat li prete sèman an.

Atik 156.- Prezidan Repiblik la gen rezidans ofisyèl li nan Palè nasyonal nan Pòtoprens, anwetan ka kote yo pran desizyon deplase syèj Biwo Prezidan an.

Seksyon 5.- Minis ak sekretè d'Eta yo

Atik 157.- Prezidan Repiblik la nome minis yo pou fòme kabinè a. Lè sa nesesè, Prezidan Repiblik la kapab nome sekretè d'Eta ansanm ak minis yo tou.

Minis ak sekretè d'Eta yo anba otorite Prezidan Repiblik la, se yo ki fòme Gouvènman an.

Gouvènman an pran desizyon sou politik Nasyon an epi l ap kondui politik sa a tou.

Minis yo reyini nan Konsèy minis avèk Visprezidan an anba otorite Prezidan Repiblik la.

Konsèy minis yo se yon ògàn deliberasyon ak desizyon.

Atik 158.- Pou yo nome yon moun minis oubyen sekretè d'Eta, fòk li :

suivantes :

- a) être haïtien ;
- b) être âgé de **vingt-cinq (25) ans** au moins ;
- c) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou infamante ;
- d) être détenteur d'un diplôme universitaire ou exercer légalement une profession ;
- e) être en règle avec le fisc.

Article 159.- Les ministres dirigent l'administration de leur ministère et veillent à son organisation. Ils sont chargés de l'exécution des lois dans les matières qui relèvent de leur compétence. Ils nomment aux emplois publics sur délégation du Président de la République et selon les conditions fixées par la loi.

Article 160.- Les ministres sont responsables des actes du Président de la République qu'ils contresignent.

Les ministres sont solidairement responsables de la politique du Gouvernement.

Article 161.- Les ministres et les Secrétaires d'État ont leurs entrées à l'Assemblée nationale. Ils soutiennent les projets de loi au sein des commissions parlementaires et en séance plénière.

Article 162.- La fonction de ministre ou de secrétaire d'État est incompatible avec tout emploi public ou privé, sauf l'enseignement.

Article 163.- Les ministres et secrétaires d'État perçoivent une indemnité mensuelle à compter de leur prise de fonction.

- a) ayisyen ;
- b) genyen vennsenk (25) lane pou pi piti ;
- c) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men okenn jij ;
- d) genyen yon diplòm inivèsité ou byen pratike yon pwofesyon nan respè lalwa ;
- e) peye tout taks ak enpo l yo lè sa dwe fèt.

Atik 159.- Minis yo ap dirije administrasyon ministè ki sou kont yo a epi yo reskonsab jan yo òganize tou. Yo anchaje fè respekte ak aplike tout lwa ki konsène domèn ki antre nan konpetans yo. Minis yo nome anplwaye nan fonksyon piblik la apati delegasyon Prezidan Repiblik la selon tout kondisyon lalwa fikse pou sa.

Atik 160.- Minis yo reskonsab tout desizyon yo siyen ak Prezidan Repiblik la.

Tout minis yo ansanm reskonsab politik Gouvènman an.

Atik 161.- Minis ak sekretè d Eta yo lib pou yo antre nan Asanble nasyonal la. Yo gen reskonsablite defann pwojè lwa yo devan komisyon palmantè yo ak nan seyans Asanble nasyonal la.

Atik 162.- Fonksyon minis oubyen sekretè d Eta a pa mache ak okenn anplwa nan Leta oubyen nan sektè prive a, anwetan ansèyman.

Atik 163.- Minis ak sekretè d Eta yo resevwa yon salè chak mwa apati dat enstalasyon yo nan pòs la.

Les ministres et les secrétaires d'État sont poursuivis par devant les juridictions de droit commun pour les actes de corruption, ou autres crimes, les délits et les contraventions commis dans l'exercice de leur fonction, sous réserve des dispositions relatives à la Haute Cour de Justice.

Chapitre IV.- Le Pouvoir judiciaire

Section 1^{re}.- Dispositions générales

Article 164.- Le Pouvoir judiciaire est exercé par la Cour de cassation, les cours d'appel, les tribunaux de première instance, les tribunaux de paix, les tribunaux spéciaux, la Cour des affaires administratives et les tribunaux administratifs.

Article 165.- La justice est indépendante. Elle est rendue par les juridictions de l'ordre judiciaire et par les juridictions de l'ordre administratif au sommet desquelles se trouve la Cour de cassation.

Article 166.- Les juridictions de l'ordre judiciaire sont les cours d'appel, les tribunaux de première instance, les tribunaux de paix et les tribunaux spéciaux.

Article 167.- Les juridictions de l'ordre administratif sont la Cour des affaires administratives et les tribunaux administratifs.

Article 168.- Les juges de l'ordre judiciaire et ceux de l'ordre administratif sont recrutés à l'issue d'un concours public organisé conformément à la loi.

Article 169.- Les juges de la Cour de cassation sont nommés jusqu'à l'âge de la retraite par le Président de la République, sur une

Yo kapab rapousib minis ak sekretè d'Eta yo devan jiridiksyon dwa komen yo pou zak koripsyon, oubyen lòt krim, deli ak kontravansyon yo komèt nan egzèsis fonksyon yo, anwetan ka kote lalwa prevwa se Wot Kou jistis la ki pou pwononse l sou zak yo akize otorite sa yo.

Chapit 4.- Pouvwa jidisyè a

Seksyon premye.- Dispozisyon jeneral yo

Atik 164.- Men enstans ki gen konpetans egzèsè Pouvwa jidisyè a : Lakou kasasyon, Lakou apèl yo, tribinal premye enstans yo, tribinal depè yo, tribinal espesyal yo, Lakou afè administratif ak tribinal administratif yo.

Atik 165.- Lajistis endepandan. Se jiridiksyon ki fè pati lòd sistèm jidisyè a ansanm ak jiridiksyon ki fè pati lòd sistèm administratif la ki ka fè jijman. Lakou kasasyon nan tèt tout sistèm jistis la.

Atik 166.- Jiridiksyon ki fè pati lòd sistèm jidisyè a, se : Lakou apèl yo, tribinal premye enstans yo, tribinal depè yo ak tribinal espesyal yo.

Atik 167.- Jiridiksyon ki fè pati lòd sistèm administratif la, se : Lakou afè administratif ak tribinal administratif yo.

Atik 168.- Rekritman jij nan lòd sistèm jidisyè a ak jij nan lòd sistèm administratif la ap fèt sou baz konkou piblik dapre lalwa.

Atik 169.- Sou yon lis senk (5) moun pou chak syèj Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a soumèt bay Prezidan Repiblik la,

liste de cinq (5) personnes par siège soumise par le Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire.

L'âge limite pour la retraite est de soixante-quinze (75) ans pour les juges de la Cour de Cassation.

Les juges des cours d'appel et des tribunaux de première instance sont nommés jusqu'à l'âge de la retraite.

Les juges des tribunaux de paix sont nommés pour cinq ans. Leur mandat est renouvelable automatiquement, sauf avis contraire du Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire.

Article 170.- Les juges de la Cour de cassation, des cours d'appel et des tribunaux de première instance sont inamovibles.

Ils ne peuvent faire l'objet d'affectation nouvelle, sans leur consentement, même en cas de promotion.

Ils sont destitués par le Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire pour manquement grave aux devoirs de leur charge, absence prolongée et non motivée, ou à la suite d'une condamnation pénale définitive pour crime ou délit, notamment pour des faits de corruption.

Article 171.- Les fonctions de juge sont incompatibles avec toutes autres fonctions salariées, sauf celles d'enseignant.

Article 172.- Nulle juridiction ne peut être établie qu'en vertu de la loi.

Il ne peut être créé de tribunal extraordinaire sous quelque dénomination que ce soit.

Le nombre, la composition, l'organisation, le fonctionnement et les compétences des juridictions judiciaires et des juridictions administratives sont

Présidan Repiblik la nome jij Lakou kasasyon yo jis laj retrèt yo rive.

Pi plis laj jij Lakou kasasyon yo dwe genyen pou yo pran retrèt, se swasannkenz (75) lane.

Jij lakou apèl ak jij tribinal premye enstans yo nome jiska laj retrèt yo.

Jij tribinal depè yo nome pou senk (5) lane. Manda yo a ap renouvle kote l fini an, sof si Konsèy siperyè Pouvwa ta pran yon desizyon kont youn oubyen plizyè jij.

Atik 170.- Yo pa ka revoke jij Lakou kasasyon yo, jij lakou apèl yo ak jij tribinal premye enstans yo pandan tan sèvis yo.

Yo pa kapab bay yon jij okenn lòt pòs, li mèt se yon pwomosyon, san jij la pa dakò pou sa.

Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a gen dwa revoke jij yo pou fòt grav yo fè nan kad fonksyon yo kòm jij, pou absans pwolonje, pou absans san rezon, oubyen apre yo fin resevwa yon kondanasyon penal pou krim oswa deli, espesyalman pou zak koripsyon.

Atik 171.- Fonksyon jij pa mache ak okenn fonksyon kote moun resevwa salè, anwetan fonksyon pwofesè.

Atik 172.- Se dapre lalwa yo kapab tabli yon jiridiksyon.

Yo pa ka kreye okenn tribinal estwodinè sou kèlkilanswa non yo ta ba li.

Se lalwa ki fikse kantite jiridiksyon jidisyè ak kantite jiridiksyon administratif yo e se li menm tou ki fikse konpozisyon, òganizasyon,

fixés par la loi.

Article 173.- Les audiences des juridictions judiciaires et administratives sont publiques. Toutefois, elles peuvent être tenues à huis clos dans l'intérêt de l'ordre public sur décision de la juridiction.

Article 174.- Les arrêts et jugements sont motivés. Ils sont rendus au nom de la République.

Section 2.- Les juridictions de l'ordre judiciaire

Article 175.- Le Corps judiciaire est composé des juges et des officiers du ministère public.

Article 176.- Les juridictions de l'ordre judiciaire tranchent les litiges de nature civile, pénale, commerciale et, de façon générale, tous les litiges qui opposent des personnes privées. Elles exercent une plénitude de compétence, sous réserve de celles accordées aux juridictions de l'ordre administratif, à la Cour constitutionnelle et à la Cour des comptes.

Article 177.- Les juges de l'ordre judiciaire sont nommés par le Président de la République sur avis conforme du Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire.

Les officiers du ministère public sont nommés par le Président de la République sur proposition du Ministre de la Justice.

Section 3.- Les juridictions de l'ordre administratif

Article 178.- Les juridictions de l'ordre administratif tranchent les litiges mettant en cause l'État, les collectivités territoriales,

fonksyònman ak limit konpetans yo.

Atik 173.- Tout jijman nan jiridiksyon jidisyè yo ak jiridiksyon administratif yo fèt piblik. Men, nan enterè lòd piblik la, apre desizyon jiridiksyon an, yo kapab fè jijman nan uiklo.

Atik 174.- Se onon Repiblik la yo dwe rann tout arè ak tout jijman.

Seksyon 2.- Jiridiksyon lòd sistèm jidisyè a

Atik 175.- Kò jidisyè a gen ladan'l jij yo, komisè Gouvènman ak sibtitik komisè Gouvènman yo.

Atik 176.- Tout jiridiksyon ki fè pati lòd sistèm jidisyè a kapab pwononse yo sou tout konfli sivil, tout konfli penal ak tout konfli komèsyal, tout jan tout mannyè yo kapab pwononse yo sou tout konfli ki mete moun dozado. Jiridiksyon sistèm jidisyè a gen konpetans lajmanlaj, anwetan sa ki nan konpetans jiridiksyon ki fè pati lòd sistèm administratif la, Lakou konstitisyonèl la ak Lakou Kont yo.

Atik 177.- Prezidan Repiblik la nome jij nan jiridiksyon administratif yo sou baz rekòmandasyon Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a.

Prezidan Repiblik la nome komisè gouvènman ak sibtitik komisè gouvènman sou baz rekòmandasyon Minis Jistis la.

Seksyon 3.- Jiridiksyon lòd administratif la

Atik 178.- Jiridiksyon ki fè pati lòd sistèm administratif la gen konpetans pou yo pwononse yo sou tout konfli ki genyen

l'Administration publique, les fonctionnaires publics, les services publics et les administrés, sauf si la loi en dispose autrement.

Article 179.- Les juges des juridictions administratives sont nommés par le Président de la République sur avis conforme du Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire.

Article 180.- Le statut des juges des juridictions administratives est identique à celui des juges des juridictions judiciaires.

Article 181.- La Cour des affaires administratives statue en fait et en droit.

Ses décisions ne sont susceptibles d'aucun recours, sauf pourvoi par devant la Cour de cassation.

Section 4.- Le Conseil Supérieur du Pouvoir judiciaire

Article 182.- Le Conseil Supérieur du Pouvoir judiciaire participe à la composition et à la discipline des juges de l'ordre judiciaire et administratif. Il peut être consulté sur l'état de la justice.

Article 183.- Le Conseil Supérieur du Pouvoir Judiciaire comprend sept (7) membres :

- a) Le président de la cour de Cassation, président ;
- b) Le vice-président de la cour de Cassation, premier-vice président ;
- c) Le Procureur général près la cour de cassation, deuxième vice-président ;
- d) Le Président de la Cour supérieure des affaires administratives, membre ;
- e) Un Président d'une Cour d'Appel

ant Leta, kolektivite teritoryal yo, Administrasyon piblik la, fonksyonè Leta yo, sèvis piblik yo ak administrè yo, sof nan ka kote lalwa mande pou sa fèt yon lòt jan.

Atik 179.- Prezidan Repiblik la nome jij nan jiridiksyon administratif yo sou baz rekòmandasyon Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a.

Atik 180.- Jij nan jiridiksyon administratif yo gen menm ran ak jij ki nan jiridiksyon jidisyè yo.

Atik 181.- Lakou afè administratif yo kapab pwononse l sou tout detay ki gen pou wè ak kesyon administratif e ki gen pou wè ak tout detay sou kesyon dwa.

Yo pa ka fè apèl pou okenn desizyon ki soti nan Lakou afè administratif yo, sof devan Lakou kasasyon.

Seksyon 4.- Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a

Atik 182.- Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a patisipe nan fòmasyon ak nan disiplin jiridiksyon jidisyè ak jiridiksyon administratif yo. Yo ka mande l dizon l sou jan jistis la ap mache.

Atik 183.- Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a gen sèt (7) manm :

- a) Prezidan lakou Kasasyon an, Prezidan ;
- b) Visprezidan Lakou kasasyon an, Premye Visprezidan ;
- c) Pwokirè jeneral Lakou kasasyon an, dezyèm Visprezidan ;
- d) Prezidan Lakou siperyè afè administratif yo, Manm ;
- e) Yon Prezidan Lakou Apèl, k ap soti pami Prezidan Lakou apèl yo,

élu par ses pairs, membre ;

- f) Un Bâtonnier élu par les bâtonniers en exercice, membre ;
- g) Une personnalité de la société civile désignée par le Protecteur du citoyen à partir d'une liste de trois noms soumis par les organisations des droits de l'homme, membre.

Article 184.-Le Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire peut être saisi pour avis par le Président de la République et le Président de l'Assemblée nationale. Ces avis portent sur le fonctionnement général de la justice et la déontologie des juges.

Article 185.- L'organisation, le fonctionnement et les compétences du Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire sont fixées par une loi organique.

manm ;

- f) Yon Batonye an fonksyon k ap soti pami batonye ki an fonksyon yo, manm ;
- g) Pwotektè sitwayen an ap chwazi yon pèsonalite ki soti nan sosyete sivil la sou yon lis twa (3) moun òganizasyon dwa moun yo soumèt, Manm.

Atik 184.-Prezidan Repiblik la ak Prezidan Asanble nasyonal la kapab chèche jwenn dizon Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a. Dizon sa a kapab konsène fonksyonman sistèm jistis la ak konpòtman jij yo pa rapò ak respè prensip fonksyon jij la.

Atik 185.-Yon lwa òganik fikse òganizasyon, fonksyonman ak konpetans Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a.

TITRE IV.- COUR CONSTITUTIONNELLE

Article 186.- Il est institué une Cour constitutionnelle chargée d'assurer le respect de la Constitution. Elle vérifie la constitutionnalité des lois, des règlements du Pouvoir exécutif, du règlement de l'Assemblée nationale, des traités, conventions et accords internationaux.

Ses décisions sont définitives et ne sont susceptibles d'aucun recours.

Article 187.- La Cour constitutionnelle est composée de neuf (9) membres :

- a) trois (3) sont désignés par le Président de l'Assemblée nationale ;
- b) trois (3) sont désignés par le Président de la République ;
- c) trois (3) sont désignés par le Président de la Cour de cassation.

Si l'un de ces trois organes ne désigne pas ses membres dans un délai d'un mois, à compter de la date du démarrage de la procédure de mise en place de la Cour, les deux autres pourvoient aux postes concernés. La loi organique fixant l'organisation et le fonctionnement de la Cour constitutionnelle détermine les modalités d'application de cet alinéa.

La Cour constitutionnelle comprend :

- a) trois juges ayant une expérience de quinze (15) ans au moins, dont un (1) est désigné par le Président de l'Assemblée nationale, un (1) par le Président de la République, un (1) par le Président de la Cour de cassation ;
- b) trois juristes ayant une expérience de quinze (15) ans au moins, dont un (1) est désigné par le Président de l'Assemblée nationale, un (1) par le

TIT 4.- LAKOU KONSTITISYONÈL

Atik 186.- Lakou konstitisyonèl la tabli pou l veye sou respè Konstitisyon an. L ap veye pou l wè si lwa, tout regleman Pouvwa egzekitif la, regleman Asanble nasyonal la, trete entènasyonal, konvansyon entènasyonal ak akò entènasyonal yo respekte Konstitisyon an.

Desizyon sa yo definitif epi okenn lòt enstans pa ka pwononse sou yo.

Atik 187.- Lakou konstitisyonèl la genyen nèf (9) manm :

- a) Prezidan Asanble nasyonal la chwazi twa (3) manm ;
- b) Prezidan Repiblik la chwazi twa (3) manm ;
- c) Prezidan Lakou kasasyon an chwazi twa (3) manm.

Si youn nan pouvwa yo kite dèlè yon mwa a pase apre dat pwosesis fòmasyon Lakou a kòmanse a, san li pa chwazi reprezantan pa l yo, lòt de (2) pouvwa yo kapab fè sa ki nesè pou yo konble rès pòs ki vid yo. Nan lwa k ap fikse òganizasyon ak fonksyonman Lakou konstitisyonèl la, l ap tou fikse kondisyon pou aplike yo paragraf sila.

Lakou konstitisyonèl la genyen:

- a) twa (3) jij ki gen ken (15) lane esperyans pou pi piti. Prezidan Asanble nasyonal la ap chwazi youn, Prezidan Repiblik la ap chwazi youn epi Prezidan Lakou kasasyon an ap chwazi youn;
- b) twa (3) avoka ki gen ken (15) lane esperyans pou pi piti. Prezidan Asanble nasyonal la ap chwazi youn, Prezidan Repiblik la ap chwazi youn epi Prezidan Lakou

Président de la République, un (1) par le Président de la Cour de cassation ;

- c) trois personnalités de grande réputation professionnelle ayant une expérience de quinze (15) ans au moins, dont un (1) est désigné par le Président de l'Assemblée nationale, un (1) par le Président de la République, un (1) par le Président de la Cour de cassation.

Les membres de la Cour constitutionnelle sont nommés par arrêté du Président de la République, jusqu'à l'âge de la retraite.

En cas d'empêchement, pour quelque motif que ce soit, l'autorité compétente désigne un nouveau membre. Celui-ci est nommé jusqu'à l'âge de la retraite.

L'âge de la retraite pour les membres de la Cour constitutionnelle est fixé à soixante-quinze (75) ans.

Article 188.-Pour être membre de la Cour constitutionnelle, il faut remplir les conditions suivantes :

- a) être haïtien ;
- b) être âgé de quarante (40) ans au moins ;
- c) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou infamante ;
- d) être détenteur au moins d'un diplôme de deuxième cycle de l'enseignement supérieur ;
- e) attester d'une expérience minimale de quinze (15) ans dans le domaine juridique, ou universitaire ;
- f) être en règle avec le fisc.

Article 189.-Le Président de la Cour constitutionnelle est élu par ses pairs

kasasyon an ap chwazi youn;

- c) twa (3) pèsonalite ki gen bon repitasyon pwofesyonèl ki gen kenx (15) lane esperyans pou pi piti nan pwofesyon yo a. Prezidan Asanble nasyonal la ap chwazi youn, Prezidan Repiblik la ap chwazi youn epi Prezidan Lakou kasasyon ap chwazi youn.

Prezidan Repiblik la ap pran arete pou li nome manm Lakou konstitisyonèl yo jiska laj retrèt yo.

Nan ka kote youn nan manm ki nome yo ta nan yon ka ki fè l pa disponib ankò, pou kèlkilanswa rezon an, otorite ki gen konpetans pou sa a ap chwazi yon nouvo manm. Manm sa a ap nome jiska laj retrèt li.

Pi plis laj manm Lakou konstitisyonèl yo dwe genyen pou yo pran retrèt, se swasannkenx (75) lane.

Atik 187.- Pou yon moun vin manm Lakou konstitisyonèl la, fòk li :

- a) ayisyen ;
- b) genyen karant (40) lane pou pi piti ;
- c) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men okenn jij ;
- d) genyen yon diplòm dezyèm sik ansèyman siperyè pou pi piti ;
- e) genyen kenx (15) lane esperyans pou pi piti nan domèn jiridik, nan domèn politik oubyen inivèsitè ;
- f) peye tout taks ak enpo l yo lè sa dwe fèt.

Atik 186.-Jij Lakou konstitisyonèl yo ap vote yon Prezidan nan tèt Lakou konstitisyonèl

pour un mandat de trois (3) ans renouvelables.

Article 190.-Les juges de la Cour constitutionnelle sont inamovibles pendant la durée de leur mandat. Toutefois, ils peuvent être démis de leurs fonctions à la majorité absolue des membres dans les cas prévus par la loi organique fixant l'organisation et le fonctionnement de la Cour.

Article 191.-Les projets et les propositions de loi, les décrets et le règlement de l'Assemblée nationale font l'objet d'un contrôle obligatoire et antérieur à leur vote ou adoption.

Article 192.-Lorsqu'à l'occasion d'une instance en cours devant une juridiction, il est soutenu qu'une disposition législative ou réglementaire ou que la stipulation d'un traité, convention ou accord international est contraire à la Constitution, la Cour constitutionnelle peut en être saisie directement par la partie qui a soulevé l'exception.

Les exceptions en inconstitutionnalité à l'occasion d'un litige sont traitées en urgence sans remise ni tour de rôle.

Une loi organique détermine l'organisation et le fonctionnement de la Cour constitutionnelle. Elle fixe la procédure suivie devant elle.

la pou yon peryòd twa (3) lane. Kòlèg jij yo kapab bay Prezidan sa a lòt manda.

Atik 190.- Yo pa ka revoke jij Lakou konsitasyonèl yo pandan tan manda yo a. Poutan, dapre ka lwa òganik Lakou konstitasyonèl la prevwa yo, depi majorite manm yo vote pou sa, yo kapab revoke yon jij nan ka kote lwa òganik ki fikse òganizasyon ak fonksyonman Lakou a prevwa pou sa.

Atik 191.-Dwe gen bon jan kontwòl ki fèt sou pwojè lwa, pwojè dekrè ak pwojè regleman yo menm jan ak pwopozisyon lwa, pwopozisyon dekrè ansanm ak pwopozisyon regleman yo, anvan Asanble nasyonal la vote yo oubyen anvan yo adopte yo.

Atik 192.- Depi gen ka kote yon enstans oubyen yon jiridiksyon konstate yon dispozisyon lejislatif, yon regleman, yon trete, yon konvansyon, yon akò entènasyonal ki depaman ak Konstitisyon an, pati ki gen dezakò ak dispozisyon sa a kapab pote kòz sa a devan Lakou konsitasyonèl la

Tout ka kote gen dezakò sou yon tèks lwa nan kad yon pwosè, enstans ki konsène yo dwe trete kesyon sa a, san pèdi tan.

Yon lwa òganik ap fikse òganizasyon ak fonksyonman Lakou konstitasyonèl la. Lwa òganik la fikse pwosedi yo dwe suiv devan Lakou konstitasyonèl la.

**TITRE V.-
COUR DES COMPTES**

Article 193.-Il est créé un organisme public indépendant dénommé : Cour des comptes.

La Cour des comptes est chargée du contrôle juridictionnel de la gestion des comptes publics de l'État, des collectivités territoriales et des entreprises publiques.

La Cour des comptes veille à la régularité et à la sincérité des comptes des administrations publiques.

Si des faits de corruption ou de concussion lui apparaissent dans le cadre de ses missions, elle saisit le Parquet près le tribunal de première instance du ressort qui diligente des poursuites judiciaires à l'encontre des ordonnateurs et des comptes publics soupçonnés de malversation financière.

La loi pénale fixe les modalités d'application du présent article.

Article 194.-Pour être nommé membre de la Cour des comptes, il faut remplir les conditions suivantes :

- a) être haïtien ;
- b) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou infamante ;
- c) être détenteur au moins d'un diplôme de deuxième cycle de l'enseignement supérieur, en économie, en finance, en Administration publique ou en Droit ;
- d) attester d'une expérience minimale de quinze (15) ans en tant que juriste, comptable, administrateur, économiste ou spécialiste du secteur financier ;

**TIT 5.-
LAKOU KONT YO**

Atik 193.-Yo kreye yon òganis piblik endepandan ki rele : Lakou kont yo ki gen konpetans pou l kontwole ak pwononse l sou jesyon kontab piblik Leta yo, kontab kolektivite terityoral yo ak kontab antrepriz piblik yo.

Lakou Kont yo la pou l verifye si kont administrasyon piblik yo respekte regleman ak pwosedi ki tabli pou sa yo kòmsadwa.

Si nan kad travay Lakou a li jwenn gen zak koripsyon oubyen gen fonksyonè k ap vòlè lajan Leta, li gen reskonsablite pou l pote ka sa yo devan Pakè tribinal premye enstans lan ki gen konpetans pou l rapousib òdonatè ak kontab piblik yo sispèk nan move zak finansye.

Lwa penal la fikse tout kondisyon pou yo aplike atik sa a.

Atik 194.- Pou yo nome yon moun manm Lakou kont yo, fòk li:

- a) ayisyen ;
- b) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men okenn jij ;
- c) genyen pou pi piti yon diplòm dezyèm sik ansèyman siperyè, nan ekonomi, nan finans, nan Administrasyon piblik oubyen nan Dwa ;
- d) genyen yon esperyans kenz (15) lane pou pi piti kòm jiris, kòm kontab, kòm administratè, kòm ekonomis oubyen kòm espesyalis nan sektè finans lan ;

e) être en règle avec le fisc.

Article 195.-Les décisions de la Cour des comptes sont susceptibles de pourvoi par devant la Cour de cassation.

Article 196.-La Cour des comptes est composée de dix (10) membres :

- a) cinq (5) sont désignés par le Pouvoir législatif ;
- b) cinq (5) sont désignés par le Pouvoir exécutif.

Six (6) des dix (10) membres de la Cour des comptes sont issus de l'Administration publique.

Article 197.-Les membres de la Cour des comptes sont nommés pour neuf (9) ans par arrêté du Président de la République pris en Conseil des ministres.

En cas d'empêchement, pour quelque motif que ce soit, l'autorité compétente désigne un nouveau membre. Celui-ci est nommé pour neuf (9) ans.

Article 198.-La Cour des comptes assiste l'Exécutif dans l'élaboration et l'exécution des lois budgétaires et apporte son concours à l'Assemblée nationale dans le contrôle de l'exécution de ces lois.

Elle a le droit de réaliser des audits dans toutes les administrations publiques.

Elle rédige des rapports sur l'état des finances publiques et sur l'efficacité des politiques publiques. Ces rapports sont adressés à l'Assemblée nationale dans le mois qui suit l'ouverture de la session parlementaire ordinaire.

Article 199.-Une loi organique fixe l'organisation et le fonctionnement de la Cour des comptes.

e) peye tout taks ak enpo l yo lè sa dwe fèt.

Atik 195.-Se devan Lakou kasasyon sèlman yo kapab atake desizyon Lakou kont yo.

Atik 196.- Lakou kont yo gen dis (10) manm :

- a) Pouvwa lejislatif la chwazi senk (5) manm ;
- b) Pouvwa egzekutif la chwazi senk (5) manm.

Sis (6) nan dis (10) manm Lakou kont yo ap soti nan Administrasyon piblik la.

Atik 197.- Prezidan Repiblik la pran arete nan Konsèy minis yo pou li nome manm Lakou kont yo pou nèf (9) lane.

Nan ka kote youn nan manm ki nome yo ta nan yon ka ki fè l pa disponib pou kèlkilanswa rezon an, otorite ki gen konpetans pou sa a ap chwazi yon nouvo manm. Manm sa a ap nome pou yon peryòd nèf (9) lane.

Atik 198.- Lakou kont yo la pou l ede Egzekitif la nan preparasyon ak aplikasyon lwa bidjè yo epi li la pou l ede Asanble nasyonal la mete kontwòl sou fason y ap depanse lajan Leta a dapre lwa sa yo.

Lakou kont yo gen dwa fè odit nan tout administrasyon piblik la.

Lakou kont yo prepare rapò sou eta finans piblik yo ak rezilta ki soti nan kad divès politik piblik yo. Rapò sa yo dwe al jwenn Asanble nasyonal la nan dèle yon mwa apre ouvèti sesyon òdinè palmantè a.

Atik 199.-Yon lwa òganik fikse òganizasyon ak fonksyonman Lakou kont yo.

TITRE VI.- ÉLECTIONS

Chapitre I^{er}.- Le Conseil électoral permanent

Article 200.- Il est créé un organisme public indépendant dénommé : Conseil électoral permanent.

Il est chargé d'organiser et de contrôler toutes les opérations électorales et référendaires sur le territoire de la République jusqu'à la proclamation des résultats du scrutin.

Article 201.- Le Conseil électoral permanent s'assure de la régularité et de la mise à jour des listes électorales.

Le Conseil électoral permanent se prononce par un avis public et motivé sur les projets et propositions de loi électorale avant leur dépôt par devant l'Assemblée nationale.

Article 202.- Le Conseil électoral permanent est composé de neuf (9) membres :

- a) trois (3) sont désignés par le Pouvoir législatif ;
- b) trois (3) sont désignés par le Pouvoir exécutif ;
- c) trois (3) sont désignés par le Pouvoir judiciaire.

Si l'un des pouvoirs ne désigne pas ses membres dans un délai d'un mois, à compter de la date du démarrage de la procédure de mise en place du Conseil, les deux autres pourvoient aux postes concernés. La loi organique fixant l'organisation et le fonctionnement du Conseil électoral

TIT 6.- ELEKSYON YO

Chapit premye.- Konsèy elektoral pèmanan

Atik 200.- Yo kreye yon òganis piblik endepandan ki rele: Konsèy elektoral pèmanan.

Òganis sa a la pou li òganize epi kontwole operasyon elektoral yo sou teritwa Repiblik la jiska pwoklamasyon rezilta vòt yo.

Atik 201.- Konsèy elektoral pèmanan an dwe veyatif pou lis elektoral yo fèt dapre prensip regleman yo. Li dwe veye tou pou lis sa yo koresponn ak reyalite moman an.

Konsèy elektoral pèmanan an gen pouvwa pran yon seri pozisyon piblik e ki gen bon jan fonnman sou pwojè ak pwopozisyon lwa elektoral anvan yo depoze yo devan Asanble nasyonal la.

Atik 202.- Konsèy Elektoral Pèmanan an genyen nèf (9) manm :

- a) Pouvwa lejislatif la ap chwazi twa (3) manm ;
- b) Pouvwa egzekitif la ap chwazi twa (3) manm.
- c) Pouvwa jidisyè a ap chwazi twa (3) man.

Si youn nan pouvwa yo kite dèlè yon mwa a pase apre dat pwosesis fòmasyon Lakou a kòmanse a, san li pa deziye reprezantan pa l yo, lòt de (2) pouvwa yo kapab fè sa ki nesèsè pou yo konble rès pòs ki vid yo. Nan lwa k ap fikse òganizasyon ak fonksyonman Lakou konstitisyonèl la,

permanent détermine les modalités d'application de cet alinéa.

Article 203.-Le Président du Conseil électoral permanent est élu par ses pairs pour un mandat de trois (3) ans renouvelables.

Article 204.-Pour être membre du Conseil électoral permanent, il faut remplir les conditions suivantes :

- a) être haïtien ;
- b) être âgé de quarante (40) ans au moins ;
- c) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou infamante ;
- d) être détenteur au moins d'un diplôme de second cycle de l'enseignement supérieur ;
- e) attester d'une expérience minimale de quinze (15) ans dans le domaine juridique, électoral ou universitaire ;
- f) être en règle avec le fisc.

Article 205.-Les membres du Conseil électoral permanent sont nommés pour onze (11) ans. Leur mandat n'est pas renouvelable.

En cas d'empêchement, pour quelque motif que ce soit, l'autorité compétente désigne un nouveau membre. Celui-ci est nommé pour onze (11) ans.

Article 206.-Les membres du Conseil électoral permanent sont inamovibles pendant la durée de leur mandat. Toutefois, ils peuvent être démis de leurs fonctions à la majorité absolue des membres dans

l'ap tout fixe kondisyon pou aplike paragraf sila a.

Atik 203.-Manm Konsèy elektoral pèmanan an ap vote yon Prezidan nan tèt Konsèy la pou yon manda twa (3) lane. Manm Konsèy elektoral pèmanan an kapab bay Prezidan sa a lòt manda.

Atik 204.- Pou yon moun vin manm Konsèy elektoral pèmanan an, fòk li:

- a) ayisyen ;
- b) genyen karant (40) lane pou pi piti ;
- c) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men okenn jij ;
- d) genyen yon diplòm dezyèm sik ansèyman siperyè pou pi piti ;
- e) genyen kenx (15) lane esperyans pou pi piti nan domèn jiridik, nan koze eleksyon oubyen nan yon branch nan inivèsite a ;
- f) peye tout taks ak enpo l yo lè sa dwe fèt.

Atik 205.-Manm Konsèy elektoral pèmanan yo nome pou onx (11) lane. Yo pa ka genyen yon lòt manda.

Nan ka kote youn nan manm yo pa ka kontinye ranpli fonksyon yo pou kèlkilanswa rezon an, otorite ki gen konpetans pou sa a ap chwazi yon nouvo manm. Nouvo manm sa a ap nome pou onx (11) lane.

Atik 206.-Yo pa ka revoke manm Konsèy elektoral pèmanan yo pandan tan manda yo a. Poutan, nan ka kote lwa òganik Konsèy elektoral la prevwa yo, majorite manm Konsèy yo kapab vote

les cas prévus par la loi organique fixant l'organisation et le fonctionnement du Conseil électoral permanent.

Article 207.-Avant d'entrer en fonction, les membres du Conseil électoral permanent prêtent le serment suivant par devant le Président de la Cour de cassation ou, le cas échéant, devant le Président de la Cour constitutionnelle :

« Je jure de respecter la Constitution et les dispositions de la loi électorale et de m'acquitter de ma tâche avec dignité, indépendance, impartialité et patriotisme ».

Article 208.-Une loi organique fixe l'organisation et le fonctionnement du Conseil électoral permanent.

Chapitre II.- Les tribunaux électoraux

Article 209.-Des juridictions spéciales sont établies pour examiner et trancher toutes les contestations électorales et référendaires, depuis l'inscription sur les listes électorales jusqu'à la proclamation des résultats des élections. Ces juridictions sont instituées à partir du lancement du processus électoral.

Article 210.-Le Tribunal électoral national est compétent pour statuer en dernier ressort sur les jugements rendus par les tribunaux électoraux départementaux.

Article 211.-Le Tribunal électoral national est constitué de cinq (5) magistrats :

- a) deux (2) avocats tirés au sort sur une liste soumise par la fédération des barreaux ;
- b) deux (2) juges tirés au sort sur une

pou revoke yon lòt manm.

Atik 207.-Anvan manm Konsèy elektoral pèmanan yo pran fonksyon, y ap fè sèman ki vin ann apre a devan Prezidan Lakou kasasyon an oubyen, devan Prezidan Lakou konstitisyonèl la :

« Mwen sèman m ap respekte Konstitisyon an ak tout dispozisyon ki nan lwa elektoral la. M ap fè travay mwen an moun debyen, an moun ki pa sou zòd moun, an moun ki pa nan paspouki, an moun ki renmen peyi l ».

Atik 208.-Yon lwa òganik fikse òganizasyon ak fonksyonman Konsèy elektoral pèmanan an.

Chapit 2.- Tribinal elektoral yo

Atik 209.- Jiridiksyon espesyal yo la pou yo ana lize epi pwononse yo sou tout kontes tasyon elektoral ak referandòm yo, soti nan enskripsyon sou lis elektoral yo jiska piblikasyon rezilta eleksyon yo. Jiridiksyon sa yo plase depi nan lansman pwosesis elektoral la.

Atik 210.- Tribinal elektoral nasyonal la pou li pwononse l an dènye sou tout jijman tribinal elektoral depatmantal yo rann.

Atik 211.- Tribinal elektoral nasyonal fòme ak senk (5) jij :

- a) de (2) avoka sou yon lis federasyon bawo yo soumèt apre tiraj osò ;
- b) de (2) jij sou yon lis Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè soumèt

liste soumise par le Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire ;

- c) un (1) juge de la Cour de Cassation tiré au sort sur une liste soumise par le Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire.

Article 212.-Le Tribunal électoral départemental est composé de trois (3) juges :

- a) deux (2) avocats tirés au sort sur une liste soumise par la Fédération des barreaux ;
- b) un (1) juge tiré au sort sur une liste soumise par le Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire.

Article 213.-Si la Fédération des barreaux ou le Conseil supérieur du Pouvoir judiciaire ne désigne pas les juges dans un délai raisonnable, à compter de la date du démarrage de la **procédure** de mise en place des juridictions, l'Exécutif pourvoie aux postes concernés.

Article 214.-La loi détermine le mode d'organisation et de fonctionnement du Tribunal électoral national et des tribunaux électoraux départementaux.

apre tiraj osò;

- c) yon (1) jij Lakou Casasyon sou yon lis Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a soumèt apre tiraj osò.

Atik 212.- Tribinal elektoral depatmantal la fòmè ak twa (3) jij :

- a) de (2) avoka sou yon lis federasyon bawo yo soumèt apre tiraj osò ;
- b) yon (1) jij sou yon lis Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a soumèt apre tiraj osò.

Atik 213.- Si federasyon bawo yo oubyen Konsèy siperyè Pouvwa jidisyè a kite delè rezonab la pase, yo pa chwazi jij yo, apre dat pwosedi fòmasyon jiridiksyon yo, Pouvwa Egzekitif la fè sa ki nesèsè pou li konble rès pòs ki vid yo.

Atik 214.- Lalwa ap fikse kondisyon òganizasyon ak fonksyònman Tribinal elektoral nasyonal la ak tribinal elektoral depatmantal yo.

**TITRE VII.-
FORCE PUBLIQUE**

**Chapitre I^{er}. -
Force publique**

Article 215.-La Force publique se compose de deux (2) corps distincts :

- a) les Forces armées d'Haïti ;
- b) la Police nationale d'Haïti.

Aucun autre corps armé ne peut exister sur le territoire national.

Article 216.-Les membres de la Force publique, dans l'exercice de leurs fonctions, sont soumis à la responsabilité civile et pénale dans les formes et conditions prévues par la Constitution et par la loi.

Article 217.-Les membres de la Force publique sont protégés par l'État dans le cadre des attributions liées à leurs fonctions.

**Chapitre II.-
Les Forces armées d'Haïti**

Article 218.-Les Forces armées d'Haïti sont instituées pour :

- a) garantir la sécurité et l'intégrité du territoire de la République ;
- b) défendre le pays en cas de guerre ;
- c) protéger le pays contre les menaces venant de l'extérieur ;
- d) assurer la surveillance des frontières terrestres, maritimes et aériennes ;
- e) prêter main forte, sur requête motivée de l'Exécutif, à la Police nationale d'Haïti en cas de besoin ; et
- f) aider la Nation en cas de désastre naturel.

**TITR 7.-
FÒS PIBLIK**

**Chapit premye.-
Fòs piblik yo**

Atik 215.- Fòs piblik la gen de (2) kò ame separe ladan l :

- a) Lame Ayiti ;
- b) Polis nasyonal Ayiti.

Okenn lòt kò pa gen dwa pote zam sou teritwa nasyonal la.

Atik 216.-Dapre fòm ak kondisyon Konstitisyon an ak lalwa prevwa yo, lè manm Fòs piblik yo ap fè travay yo, yo gen reskonsablite sivil ak reskonsablite penal.

Atik 217.-Leta dwe manm Fòs piblik yo pwoteksyon lè y ap fè travay ki gen pou wè ak fonksyon yo.

**Chapit 2.-
Fòs lame Ayiti**

Atik 218.-Fòs lame Ayiti a tabli pou l:

- a) garanti sekirite epi pa kite okenn lòt peyi antre pran pi piti moso nan teritwa Repiblik la ;
- b) defann peyi a si gen lagè ;
- c) pwoteje peyi a kont danje ki soti aletranje ;
- d) siveye tout fwontyè peyi a ni atè, ni sou lanmè, ni anlè ;
- e) bay Lapolis la konkou sizanka li pa kapab fè travay li, sou demann Egzekitif la, depi gen bon jan rezon pou sa ; epi
- f) ede peyi a nan moman katastwòf natirèl.

Mete sou prensipal travay Lame Ayiti

Outre les attributions qui lui sont propres, les Forces armées d'Haïti peuvent être affectées à des tâches de développement.

Article 219.-Le Président de la République choisit le Chef d'état-major des Forces armées d'Haïti parmi les officiers généraux en activité de service.

Le président de la République nomme le Chef d'état-major des Forces armées d'Haïti au grade de lieutenant-général qui lui soumet la composition de l'état-major général.

Article 220.-Les lois et les règlements généraux des Forces Armées d'Haïti déterminent l'organisation et le fonctionnement de l'institution militaire.

Article 221.-Les Forces armées d'Haïti ont le monopole de la fabrication, de l'importation, de l'exportation, de l'utilisation et de la détention des armes de guerre et de leurs munitions, ainsi que du matériel de guerre.

Toutes armes de guerre, et leurs munitions, ainsi que le matériel de guerre, saisis sur le territoire national par la Force publique, après formalité administrative et judiciaire, rentrent dans le patrimoine des Forces Armées d'Haïti.

Chapitre III.- La Police nationale d'Haïti

Article 222.-La Police est un corps civil et armé.

Elle est créée pour garantir l'ordre public et protéger les vies et les biens.

Son organisation et son mode de fonctionnement sont réglés par la loi.

a, yo kapab mande l patisipe nan reyalizasyon divès travay devlopman.

Atik 219.-Se pami ofisye ki nan sèvis aktif yo, e ki gen grad ofisye jeneral, Prezidan Repiblik la chwazi Chèf etamajò Lame Ayiti a.

Se Chèf etamajò Lame Ayiti Prezidan Repiblik la nome ak grad lyetnan jeneral la k ap prezante konpozisyon etamajò jeneral la bay Prezidan an.

Atik 220.-Se ansanm lwa ak regleman jeneral Fòs Lame Ayiti a ki fikse òganizasyon ak fonksyonman enstitisyon militè a.

Atik 221.-Se sèl Fòs lame Ayiti ki gen dwa fè zam lagè ansanm ak tout minisyon pou zam sa yo, ni tout materyèl lagè. Se Fòs lame Ayiti sèlman ki gen dwa sèvi avèk yo, posede yo, achte yo epi vann yo nan peyi etranje.

Tout zam lagè, ak minisyon ki ale ak zam sa yo ansanm ak materyèl lagè Fòs piblik la sezi sou teritwa nasyonal la ap antre nan patrimwàn Fòs lame Ayiti apre yo fin fè tout fòmalitye administratif ak tout fòmalitye jidisyè.

Chapit 3.- Polis nasyonal Ayiti

Atik 222.-Lapolis la se yon kò sivil ki pote zam.

Yo kreye Lapolis la pou li garanti lòd piblik epi pwoteje lavi ak byen tout moun.

Lalwa di kouman Lapolis la òganize ak kouman Lapolis la fonksyone.

Article 223.-La Police, en tant qu'auxiliaire de la justice, recherche les contraventions, les délits et les crimes commis en vue de la découverte et de l'arrestation de leurs auteurs, coauteurs et complices.

Article 224.-Tout citoyen a droit à l'auto-défense armée, dans les limites de son domicile.

La détention d'une arme à feu doit être déclarée à la Police.

Tout port d'armes à feu à l'extérieur du domicile doit faire l'objet d'une autorisation expresse et motivée du Chef de la Police.

Atik 223.-Lapolis la pou li ede Lajistis jwenn moun ki an kontravansyon ak lalwa, moun ki fè fòt ak moun ki fè krim. Lapolis gen dwa arete moun sa yo ansanm ak moun ki patisipe nan zak sa yo.

Atik 224.-Nenpòt sitwayen gen dwa defann tèt li ak zam anndan lakay li.

Depi yon moun gen yon zamafe, fòk li deklare l bay Lapolis.

Pou moun pote zamafe nan lari, fòk se Chèf Lapolis la ki bay lisans pou sa. Fòk lisans lan esplike rezon ki fè yo bay otorizasyon sa a.

TITRE VIII .-
HAUTE COUR DE JUSTICE

Article 225.-L'Assemblée nationale, à la majorité des deux tiers de ses membres, a le pouvoir de demander la mise en accusation du Président de la République, du Vice-Président de la République, des ministres et des secrétaires d'État pour crime de haute trahison.

Le crime de haute trahison consiste à porter les armes dans une armée étrangère contre la République, à servir une nation étrangère en conflit avec la République, ou en toute autre violation de la Constitution par ceux chargés de la faire respecter.

Article 226.-L'Assemblée nationale statue sur la demande de mise en accusation à la majorité des deux tiers de ses membres.

Si la proposition est adoptée, l'acte d'accusation est transmis à la Haute Cour de Justice, composée des neuf (9) membres de la Cour constitutionnelle et de six (6) membres de la Cour de cassation, dont le Président de celle-ci.

Article 227.-Trois (3) députés désignés par l'Assemblée nationale assument la fonction d'accusateur.

Article 228.-La Haute Cour de Justice statue dans un délai de quinze (15) jours après l'audition de la mise en accusation.

La Haute Cour de Justice prononce la destitution du Président ou du Vice-Président de la République, des ministres et des secrétaires d'État à la majorité des deux tiers (2/3) de ses membres. Elle peut en outre, à la même majorité, prononcer l'interdiction de toute fonction publique pour une durée

TIT 8 .-
WOTKOU JISTIS

Atik 225.-Mwatye nan manm Asanble nasyonal la gen pouvwa mande mete Prezidan Repiblik la, Visprezidan Repiblik la, minis yo ak sekretè d'Eta yo ann akizasyon pou krim trayizon kont peyi a.

Krim trayizon kont peyi a, se : pran zam nan yon lame etranje kont Repiblik la, travay pou yon nasyon etranje pandan li an konfli avèk Repiblik la, oubyen se zak kote sila yo ki plase pou yo fè respekte Konstitisyon an ap vyole l.

Atik 226.-Pou demann mete ann akizasyon an pase, fòk se yon majorite de tyè (2/3) manm Asanble nasyonal la ki vote pou sa.

Si pwopozisyon mete ann akizasyon an pase, y ap voye l bay Wotkou jistis la ki gen nèf (9) manm Lakou konstitisyonèl la ak sis (6) manm Lakou kasasyon an, Prezidan Lakou kasasyon pa ka pa nan sis (6) manm yo.

Atik 227.-Asanble nasyonal la ap chwazi twa (3) depite pou jwe wòl depite akizatè.

Atik 228.-Wotkou jistis la gen dèlè kenz (15) jou pou li pwononse l sou demann mete ann akizasyon an apre l fin resevwa l.

Yon majorite de tyè (2/3) manm Wotkou jistis la ap pwononse l sou revokasyon Prezidan Repiblik la oubyen Visprezidan Repiblik la, minis yo ak sekretè d'Eta yo. Mete sou sa, menm majorite sa a kapab pwononse mezi entèdiksyon kont otorite sa yo pou yo pa okipe okenn fonksyon piblik nan yon peryòd dis (10) lane pou pi

maximale de dix (10) ans.

Article 229.-La Haute Cour de justice est présidée par le président de la Cour constitutionnelle dont la voix est prépondérante.

Article 230.-La mise en accusation ne peut avoir lieu dans la première année du mandat du Président et du Vice-président de la République.

Une mise en accusation ne peut être adoptée plus de deux fois durant le mandat du Président et du Vice-président de la République.

Article 231.-La Haute Cour de justice ne statue qu'à la majorité des deux tiers (2/3) de ses membres.

Article 232.- La haute cour de justice, siège sans désenparer jusqu'au prononcé de la décision, sans tenir compte de la durée des sessions du parlement.

Article 233.-Une loi organique fixe la procédure suivie à l'Assemblée nationale et à la Haute Cour de justice.

Article 234.-En cas de destitution, le condamné est traduit par devant les tribunaux ordinaires, conformément à la loi, pour l'application d'autres peines ou l'exercice de l'action civile, le cas échéant.

plis.

Atik 229.-Se Prezidan Lakou konstitisyonèl la k ap dirije Wotkou jistis la. Prezidan Wotkou jistis la ap vote sèlman pou li tranche, lè gen menm kantite vwa ki pou yon desizyon, ak menm kantite vwa ki kont yon desizyon.

Atik 230.-Yo pa ka mete Prezidan ak Visprezidan Repiblik la ann akizasyon pandan premye ane manda yo a.

Yo pa ka adopte mezi mete ann akizasyon an plis pase de (2) fwa pandan tan manda Prezidan ak Visprezidan Repiblik la.

Atik 231.- Wotkou jistis la pa ka pwononse l si de tyè (2/3) majorite manm li yo pa prezan.

Atik 232.- Wotkou jistis la, p ap konsidere dire sesyon palman an jis tan li pwononse desizyon an.

Atik 233.-Yon lwa òganik ap fikse ki pwosedi Asanble nasyonan la ak Wotkou jistis la dwe suiv.

Atik 234.-Nan ka kote Wotkou jistis la pwononse mezi revokasyon an, dapre lalwa, y ap mennen kondane a devan tribinal òdinè yo pou yo pran lòt pèn kont li e depi sa nesesè pou yo pran lòt sanksyon sivil kont li tou.

**TITRE IX.-
COLLECTIVITÉS TERRITORIALES ET
DÉCENTRALISATION**

**Chapitre I^{er}.-
Dispositions générales**

Article 235.-Les collectivités territoriales sont le département, la commune et la section communale. Elles s'administrent librement par des élus dans les conditions prévues par la Constitution et par la loi. Elles jouissent de la personnalité juridique.

La loi détermine les principes fondamentaux de la libre administration des collectivités territoriales, leurs compétences et leurs ressources.

La loi veille à ce que les recettes fiscales soient réparties équitablement entre l'État et les collectivités territoriales.

Article 236.-La loi peut créer toute autre collectivité territoriale.

Article 237.-Le département, l'arrondissement et la commune sont des circonscriptions administratives qui servent à relayer l'action de l'État.

D'autres circonscriptions administratives peuvent être créées par la loi.

Article 238.-Les plans ou schémas d'action interdépartementale sont de la compétence du pouvoir réglementaire.

Article 239.-Dans chaque département, le Président de la République nomme, par arrêté pris en Conseil des ministres, un représentant de l'État qui prend le titre de Délégué de la République.

Un Vice-Délégué de la République est nommé dans chaque arrondissement selon la même procédure.

**TIT 9.-
KOLEKTIVITE TÈRITORYAL YO AK
DESANTRALIZASYON**

**Chapit premye.-
Dispozisyon jeneral yo**

Atik 235.-Kolektivite teritoryal yo se depatman, komin ak seksyon kominal. Se moun ki pase nan eleksyon k ap administre yo dapre kondisyon Konstitisyon an ak lalwa prevwa yo. Yo genyen pèsonalite jiridik yo.

Lalwa fikse prensip fondamantal sou lib administrasyon kolektivite teritoryal yo, konpetans yo ak resous yo.

Lalwa veye pou resèt fiskal yo byen pataje ant Leta ak kolektivite teritoryal yo.

Atik 236.-Lalwa kapab kreye nouvo kategori kolektivite teritoryal.

Atik 237.-Deptaman an, awondisman an ak komin nan se sikonskripsyon administratif ki la pou pèmèt aksyon Leta a ateri.

Lalwa kapab kreye lòt sikonskripsyon administratif.

Atik 238.-Otorite lalwa bay konpetans pou sa yo ap prepare plan aksyon oubyen chema aksyon ki konsène plizyè depatman.

Atik 239.-Prezidan Repiblik la pran arete nan Konsèy minis yo ap pou li nome yon reprezantan Leta nan chak depatman k ap gen tit Delege Repiblik.

Prezidan Repiblik la suiv menm pwosedi a pou l nome yon Vis-delege Repiblik nan chak awondisman.

Tout Delege Repiblik ak tout

Les Délégués de la République et les Vice-Délégués de la République assurent la direction des services déconcentrés de l'État établis dans les départements et les arrondissements.

Le statut et les attributions des Délégués de la République et des Vice-Délégués de la République sont déterminés par la loi.

Article 240.-La délimitation spatiale des circonscriptions administratives est de la compétence du pouvoir réglementaire.

Article 241.-Toute compétence transférée aux collectivités territoriales est accompagnée des voies et moyens correspondants.

Chapitre II.- Le département

Article 242.-Le département est la plus grande division territoriale. Il regroupe les arrondissements.

Le département est une personne morale. Il est autonome.

Les organes du département sont :

- a) le Conseil départemental ;
- b) l'Assemblée des Maires.

Article 243.-Le Conseil départemental est composé de trois (3) membres :

- a) un Président ;
- b) deux (2) Vice-Présidents.

Article 244.-Le Conseil départemental est élu pour cinq (5) ans par l'Assemblée des Maires.

Les membres du Conseil départemental ne peuvent être choisis au sein de l'Assemblée des Maires du département.

Visdelege Repiblik ap voye je sou tout sèvis dekonsantr Leta ki nan depatman ak nan awondisman yo.

Lalwa defini fonksyon ak wòl Delege Repiblik ak Visdelege Repiblik yo.

Atik 240.-Se pouvwa reglemantè a ki gen konpetans trase limit espas sikonskripsyon administratif yo.

Atik 241.-Tout transfè konpetans ki fèt bay kolektivite teritoryal yo dwe prevwa tout posiblite ak mwayen nesesè pou egzèse konpetans sa yo.

Chapit 2.- Depatman an

Atik 242.-Depatman an se pi gwo moso nan òganizasyon teritwa peyi a. Awondisman yo fòme depatman an.

Depatman an se yon pèsòn moral, li granmoun tèt li.

Men tout ògàn administratif depatman an :

- a) Konsèy depatman an ;
- b) Asanble Majistra yo.

Atik 243.-Konsèy depatman an gen twa (3) manm :

- a) yon Prezidan ;
- b) de (2) Visprezidan.

Atik 244.-Asanble Majistra yo vote Konsèy depatman an pou senk (5) lane.

Manm Konsèy depatman yo pa ka soti nan mitan Asanble Majistra depatman an.

Article 245.-Pour être élu membre du Conseil départemental, il faut remplir les conditions suivantes :

- a) être haïtien ;
- b) être âgé de vingt-deux (22) ans au moins ;
- c) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou infamante ;
- d) être détenteur au moins d'un diplôme de premier cycle de l'enseignement supérieur ;
- e) être en règle avec le fisc ;
- f) résider dans le département depuis deux (2) ans avant la date de l'élection.

Article 246.-Le Conseil départemental élabore le plan de développement du département en collaboration avec l'Administration déconcentrée de l'État. Il est compétent dans les domaines suivants :

- a) l'éducation et l'alphabétisation ;
- b) l'enseignement technique et professionnel ;
- c) la santé et l'hygiène publiques ;
- d) le développement économique et social du département ;
- e) les infrastructures de support à l'activité économique d'intérêt départemental ;
- f) la protection de l'environnement ;
- g) les routes départementales et communales ;
- h) le développement territorial, l'aménagement territorial, l'urbanisme et l'habitat ;
- i) les marchés nationaux situés dans le département ;

Atik 245.-Pou yon moun vin manm Konsèy depatman an, fòk li :

- a) ayisyen;
- b) genyen vennde (22) lane pou pi piti ;
- c) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men okenn jij ;
- d) genyen yon diplòm premye sik ansèyman siperyè pou pi piti ;
- e) peye tout taks ak enpo li yo epi peye yo lè sa dwe fèt ;
- f) rete depi de (2) lane nan depatman an anvan dat eleksyon an.

Atik 246.- Konsèy depatman an prepare plan devlopman depatman an nan tèt kole ak Administrasyon santral la. Konsèy la gen konpetans pou l travay nan domèn ki vin ann apre yo :

- a) edikasyon ak alfabetizasyon ;
- b) ansèyman teknik ak ansèyman pwofesyonèl ;
- c) sante piblik ak ijyèn piblik ;
- d) devlopman ekonomik ak devlopman sosyal depatman an ;
- e) konstriksyon pou kore aktivite ekonomik k ap fèt nan enterè moun nan depatman an ;
- f) pwoteksyon anviwònman an ;
- g) wout depatmantal ak wout kominal yo ;
- h) devlopman teritwa, amenajman teritwa, ibanis ak espas kote moun ap viv ;
- i) mache nasyonal ki nan depatman an ;

- j) les sites historiques et lieux de mémoire, le tourisme, le sport, le loisir et la culture ;
- k) les infrastructures socio-éducatives et socio-récréatives et les centres de protection materno-infantiles ;
- l) le transport urbain et les modes de transport du département ;
- m) la gestion du domaine foncier ;
- n) les ressources naturelles et la coopération intercommunale ;
- o) l'accompagnement à l'insertion professionnelle, à la réorientation professionnelle et la réadaptation professionnelle;
- p) la protection civile, l'assistance et les secours ;
- q) l'assistance sociale aux démunis, l'action sociale au bénéfice des personnes handicapées, la tranquillité publique et la prévention de la délinquance, le suivi et la réinsertion des personnes ayant subi une peine d'emprisonnement.

Article 247.-L'Assemblée des maires est composée de l'ensemble des maires des communes du département. Elle se réunit au moins une fois par an pour débattre du programme d'action et du rapport d'activité du département. Elle vote le budget du département. Elle formule des avis et des recommandations qui sont transmis au Conseil départemental.

L'Assemblée des maires peut être convoquée à l'extraordinaire par le Président du Conseil départemental qui en est le président de droit.

Elle est consultée sur les principales orientations du département.

Les modalités de fonctionnement de l'Assemblée des maires sont

- j) sit istorik ak espas memwa yo, touris, espò, lwazi, ak lakilti ;
- k) konstriksyon sosyoedikatif, konstriksyon sosyorekreyatif ak sant pwoteksyon sante manman ak timoun;
- l) transpò nan zòn vil yo ak divès mòd transpò nan depatman yo;
- m) jesyon afè tè;
- n) resous natirèl ak relasyon travay ant komin yo;
- o) akonpaye moun pou yo jwenn yon pwofesyon oubyen pou yo jwenn yon lòt pwofesyon ki mache pi byen ak sa yo genyen kòm kapasite oubyen kòm bezwen;
- p) pwoteksyon sivil, asistans ak sekou;
- q) asistans sosyal pou moun ki nan malsite yo, aksyon sosyal nan avantaj moun andikape yo, lapè piblik ak prevansyon delenkans, suivi ka moun ki te pran yon pèn prizon epi ede yo retounen viv nan sosyete a.

Atik 247.-Asanble majistra yo genyen tout majistra kominal depatman an. Asanble majistra yo ap reyini yon fwa pou pi piti chak ane pou li brase lide sou pwogram aksyon ak rapò aktivite depatman an. Asanble a ap vote bidjè depatman an. Asanble a ap voye tout dizon l ak rekòmandasyon l yo bay Konsèy depatman an.

Prezidan Konsèy depatman an ki tou Prezidan Asanble majistra yo kapab konvoke tout majistra yo nan Asanble estwòdinè.

Y ap mande Asanble majistra yo dizon pa l sou ki wout yo dwe pran ak depatman an.

Lalwa di kouman pou Asanble

déterminées par la loi.

Article 248.-L'organisation, le fonctionnement et les autres compétences du département sont fixés par la loi.

Chapitre III.- La commune

Article 249.-La commune regroupe les sections communales.

La commune a l'autonomie administrative et financière.

Article 250.-Chaque commune de la République est administrée par un Maire.

Article 251.-Le Maire est élu au suffrage universel direct pour cinq (5) ans, en même temps que ses deux assesseurs qu'il a choisis.

Le Maire est à la fois un agent de la commune et un agent de l'État, chargé de faire appliquer la politique nationale à l'échelon municipal.

Les Maires assesseurs assistent le Maire dans l'exercice de ses fonctions. Ils s'occupent, sous l'autorité de celui-ci, des tâches spécifiques qui leur sont confiées.

Le Maire est assisté dans sa tâche d'une Assemblée municipale composée des Coordonnateurs des sections communales de la commune. L'Assemblée municipale est un organe de délibération portant sur les affaires propres à la commune.

Article 252.-Pour être élu Maire, il faut remplir les conditions suivantes :

- a) être haïtien ;
- b) être âgé de vingt-deux (22) ans au moins ;
- c) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou

majistra yo fonksyone.

Atik 248.-Lalwa fikse òganizasyon, fonksyonman ak tout lòt konpetans depatman an.

Chapit 3.- Komin nan

Atik 249.-Komin nan gen seksyon kominal yo.

Komin nan granmoun tèt li sou plan administratif ak sou plan finansye.

Atik 250.-Chak komin Repiblik la gen yon majistra k ap jere l.

Atik 251.- Majistra a pase nan menm eleksyon ansanm ak de (2) majistra adjwen li te chwazi yo pou yon manda senk (5) lane.

Majistra a se yon ajan kominal epi li se yon ajan Leta. Misyon l se fè egzekite politik nasyonal la nan tout komin nan.

Majistra adjwen yo ankadre Majistra a nan tout aktivite ki gen rapò ak fonksyon l yo. Y ap egzekite tout travay yo gen pou yo fè anba otorite Majistra a.

Asanble minisipal la, ki gen tout Kòdonatè tout seksyon kominal komin nan ap akonpaye Majistra a nan travay li. Asanble minisipal la se yon enstans kote y ap pran desizyon sou tout afè ki konsène komin nan menm.

Atik 252.-Pou yon moun vin majistra, fòk li :

- a) ayisyen ;
- b) genyen vennde (22) lane pou pi piti ;
- c) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men

infamante ;

- d) être en règle avec le fisc ;
- e) résider dans la commune depuis deux (2) ans avant la date de l'élection.

Article 253.-L'organisation, le fonctionnement et les compétences de la commune sont fixés par la loi.

Chapitre IV.- La section communale

Article 254.-La section communale est la plus petite entité territoriale administrative de la République.

Article 255.-L'administration de chaque section communale est assurée par un Coordonnateur de la section communale élu au suffrage universel pour une durée de cinq (5) ans, en même temps que ses deux acesseurs qu'il a choisis.

Article 256.-Le mode d'administration et de fonctionnement de la section communale est réglé par la loi.

Article 257.-L'État a pour obligation d'établir au niveau de chaque section communale les structures propres à la formation sociale, économique, civique et culturelle de sa population.

Article 258.-Pour être élu Coordonnateur de la section communale, il faut remplir les conditions suivantes :

- a) **être haïtien** ;
- b) être âgé de vingt-deux (22) ans au moins ;
- c) jouir de ses droits civils et politiques et n'avoir jamais été condamné à une peine afflictive ou infamante ;
- d) être en règle avec le fisc ;
- e) résider dans la section

okenn jij ;

- d) peye tout taks ak enpo li yo epi peye yo lè sa dwe fèt ;
- e) rete depi de (2) lane nan komin nan anvan dat eleksyon an.

Atik 253.-Lalwa fikse òganizasyon, fonksyonman ak tout konpetans komin nan genyen.

Chapit 4.- Seksyon kominal la

Atik 254.-Seksyon kominal la se pi piti moso nan òganizasyon administratif teritwa Repiblik la.

Atik 255.- Yon Kòdonatè seksyon kominal pase nan menm eleksyon ansanm ak de (2) Kòdonatè adjwen li te chwazi yo pou dirije seksyon kominal la, pou yon manda senk (5) lane.

Atik 256.-Lalwa di kouman pou yo administre seksyon kominal la ak kouman pou li fonksyone.

Atik 257.-Leta gen devwa pou li mete estrikti ki kapab sèvi pou fòmasyon sosyal, fòmasyon ekonomik, fòmasyon sivik ak fòmasyon kiltirèl popilasyon k ap viv nan chak seksyon kominal.

Atik 258.-Pou yon moun vin Kòdonatè seksyon kominal, fòk li :

- a) ayisyen ;
- b) genyen vennde (22) lane pou pi piti ;
- c) jwi tout dwa sivil li ak dwa politik li epi pa t janm jwenn okenn pinisyon grav oubyen okenn pinisyon pou l ta wont nan men okenn jij ;
- d) peye tout taks ak enpo li yo lè sa dwe fèt ;

communale depuis deux (2)
ans avant la date de l'élection.

Article 259.-L'organisation, le fonctionnement et les
compétences de la section communale
sont fixés par la loi.

Atik

e) rete nan seksyon kominal la depi
de (2) lane anvan dat eleksyon an.

259.-Lalwa fikse òganizasyon,
fonksyonman ak tout konpetans
seksyon kominal la genyen.

TITRE X.- RÉVISION DE LA CONSTITUTION

Article 260.-L’initiative de la révision de la Constitution appartient concurremment au Président de la République et à l’Assemblée nationale.

Article 261.-Le projet ou la proposition de révision est soumis à l’Assemblée nationale en séance plénière.

Le projet ou la proposition de révision est adopté à la majorité des deux tiers (2/3) des membres de l’Assemblée nationale sous forme de loi constitutionnelle.

La loi constitutionnelle est promulguée dans les quinze (15) jours francs par le Président de la République, à partir de son adoption.

Article 262.-Tout projet ou proposition de révision portant sur le mandat présidentiel ne peut être fait qu’au cours de la dernière session ordinaire d’une législature et est publié immédiatement sur toute l’étendue du territoire.

À la première session de la législature suivante, l’Assemblée nationale statue sur le projet ou la proposition de révision.

L’amendement obtenu ne peut entrer en vigueur qu’après l’installation du prochain Président élu.

En aucun cas, le Président sous le gouvernement de qui l’amendement a lieu ne peut bénéficier des avantages qui en découlent.

Article 263.-Aucun projet ou proposition de loi de révision constitutionnelle ne peut porter atteinte au caractère démocratique et républicain de l’État.

TIT 10.- REVIZYON KONSTITISYON AN

Atik 260.-Se Prezidan Repiblik la ak Asanble nasyonal la ki gen dwa pran inisyativ pasemen nan Konstitisyon an.

Atik 261.- Asanble nasyonal la ap egzaminen pwojè revizyon oubyen pwopozisyon revizyon an nan seyans Asanble a.

Pou pwojè revizyon Konstitisyon an, oubyen pwopozisyon revizyon Konstitisyon an pase sou fòm lwa konstitisyonèl, fòk majorite de tyè (2/3) manm Asanble nasyonal la vote pou sa.

Apati dat Asanble nasyonal la vote lwa konstitisyonèl la, Prezidan Repiblik la gen kenz (15) jou fran pou l pibliye l.

Atik 262.- Tout pwojè oubyen pwopozisyon revizyon sou manda Prezidan an kapab fèt sèlman nan dènye sesyon òdinè yon lejislati e l ap pibliye lapoula sou tout teritwa nasyonal la.

Nan premye sesyon lejislati k ap vini an, Asanble nasyonal la ap pwononse l sou pwojè oubyen pwopozisyon revizyon an.

Amanman an ap antre ann aplikasyon apre pwochen Prezidan ki pral genyen eleksyon an fin enstale.

Nan okenn mannyè, Prezidan an p ap kapab benefisye okenn avantaj ki soti nan amanman Gouvènman an fè a.

Atik 263.-Okenn pwojè lwa revizyon oubyen pwopozisyon lwa revizyon Konstitisyon an pa kapab menase karaktè demokratik ak karaktè repibliken Leta a.

**TITRE XI.-
DISPOSITIONS TRANSITOIRES ET FINALES**

**Chapitre I^{er}.-
Dispositions transitoires**

Article 264.-Le Président de la République en fonction au moment du référendum est inéligible à la première élection présidentielle organisée selon les dispositions de la présente Constitution.

Article 265.-Dès l'adoption de la présente Constitution par référendum, l'Exécutif adopte en Conseil des ministres un projet de décret électoral pour organiser les premières élections du Président de la République, des députés, des membres des conseils départementaux, des maires et des coordonnateurs des sections communales.

Article 266.-Le Conseil électoral provisoire planifie et organise les élections jusqu'à la mise en place du Conseil électoral permanent.
Le Conseil électoral provisoire planifie et organise le contentieux électoral jusqu'à la mise en place des tribunaux électoraux.

Article 267.-Les dix (10) Sénateurs de la République encore en fonction bénéficient de tous les avantages et privilèges liés à leur statut jusqu'à la fin de leur mandat.

Article 268.-Les fonctionnaires en poste au Sénat de la République sont redéployés dans l'Administration centrale et les collectivités territoriales, selon leur compétence.

Article 269.-La fonction de Premier ministre est supprimée à partir de l'installation du

**TIT 11 .-
DISPOZISYON TRANZITWA AK
DISPOZISYON FINAL YO**

**Chapit premye.-
Dispozisyon tranzitwa yo**

Atik 264.-Prezidan Repiblik ki an fonksyon nan moman referandòm nan p ap ka patisipe nan premye eleksyon prezidansyèl y ap òganize dapre dispozisyon ki nan Konstitisyon sa a.

Atik 265.-Nan kenx (15) jou fran apre piblikasyon rezilta referandòm sou Konstitisyon an, nan Konsèy minis yo, Egzekitif la ap adopte yon pwojè dekrè elektoral pou òganize premye eleksyon pou Prezidan Repiblik la, premye eleksyon pou depite yo, premye eleksyon pou manm konsèy depatmantal yo, premye eleksyon pou majistra yo ak premye eleksyon pou konsèy Administrasyon seksyon kominal yo.

Atik 266.- Konsèy elektoral pwovizwa a ap planifye epi òganize eleksyon yo jis tan yo mete Konsèy elektoral pèmanan an sou pye.
Konsèy elektoral pwovizwa a ap planifye epi òganize kontansye elektoral la jis tan yo mete tribinal elektoral yo sou pye.

Atik 267.-Dis (10) Senatè Repiblik ki toujou an fonksyon yo ap kontinye jwi tout avantaj ak privilèj ki mache ak fonksyon yo jis tan manda yo bout.

Atik 268.-Tout fonksyonè ki toujou nan pòs yo nan Sena Repiblik la prale nan Administrasyon santral la ak nan kolektivite teritoryal yo, selon kapasite yo genyen.

Atik 269.-Fonksyon Premye minis lan ap elimine menm kote nouvo Prezidan Repiblik ki

nouveau Président de la République élu.

Les fonctionnaires en poste à la Primature sont redéployés dans l'Administration centrale et les collectivités territoriales, selon leur compétence.

Les entités administratives jusque-là rattachées à la Primature sont réaffectées à d'autres ministères par voie réglementaire.

Article 270.-Dans les quinze jours (15) francs qui suivent l'adoption de la présente Constitution par référendum, le Président de la République met en place un Comité pluridisciplinaire chargé de préparer les avant-projets de loi organique complétant la Constitution, l'avant-projet de loi sur les collectivités territoriales, ainsi qu'un plan de réorganisation des services de l'État et de mise en place du nouvel édifice institutionnel des collectivités territoriales pour tenir compte des dispositions de la présente Constitution.

Dans cet intervalle, l'organisme électoral prend les dispositions pour rédiger le projet de décret électoral devant régir l'organisation des élections pour les postes électifs prévus par la Constitution. Il le soumet au Pouvoir exécutif pour les suites nécessaires.

Article 271.-En attendant la mise en place des juridictions de l'ordre administratif, la Cour supérieure de comptes et du contentieux administratif, dans sa composition actuelle, continue de traiter les questions relatives au contentieux administratif, jusqu'à la fin du mandat des conseillers en fonction.

pase nan eleksyon an pran fonksyon.

Fonksyonè ki toujou nan pòs yo nan Primati a prale nan Administrasyon santral la ak nan kolektivite teritoryal yo, selon kapasite yo genyen.

Tout antite administratif ki atache ak Primati a prale nan lòt ministè selon regleman ki tabli pou sa.

Atik 270.-Nan kenz (15) jou fran apre piblikasyon rezilta referandòm sou Konstitisyon sa a, Prezidan Repiblik la ap mete yon Komite ki gen tout kalite espesyalis sou pye. Komite sa a ap reskonsab preparasyon tout avanpwojè lwa òganik ki pou konplete Konstitisyon an, avanpwojè lwa sou kolektivite teritoryal yo, menm jan ak yon plan reyòganizasyon sèvis Leta yo ansanm ak plan pou monte yon lòt modèl òganizasyon enstitisyonèl pou kolektivite teritoryal yo pou yo kapab respekte tout dispozisyon ki nan Konstitisyon sila a.

Nan espas tan sa a, Konsèy elektoral la ap pran tout dispozisyon pou l prepare pwojè dekrè elektoral ki pral konsène òganizasyon eleksyon pou tout pòs Konstitisyon an prevwa yo. Konsèy la ap voye pwojè dekrè a bay Pouvwa egzekitif la pou tout suivi nesèsè.

Atik 271.- Ann atandan yo mete jiridiksyon lòd administratif yo sou pye, Lakou siperyè kont yo ak kontansye administratif la, ak moun li gen ladan l yo kounye a, ap kontinye travay sou tout dosye ki gen pou wè ak kontansye administratif, jis tan manda konseye ki an fonksyon yo bout.

Chapitre II.- Dispositions finales

Article 272.-Le chômage de l'Administration publique et privée et du commerce est observé à l'occasion des fêtes nationales et des fêtes légales.

Les fêtes nationales sont :

- 1) la Fête de l'Indépendance nationale, le premier janvier ;
- 2) le Jour des Aïeux, le 2 janvier ;
- 3) la Fête de l'Agriculture et du Travail, le premier mai ;
- 4) la Fête du Drapeau et de l'Université, le 18 mai ;
- 5) le Jour de Dessalines, le 20 septembre ;
- 6) la Commémoration de la Bataille de Vertières, Jour des Forces armées d'Haïti, le 18 novembre.

Les fêtes légales sont déterminées par la loi.

Article 273.-Le chômage de l'Administration publique et privée et du commerce est observé à l'occasion de la Commémoration de la mort de Dessalines, le 17 octobre, Journée de deuil national.

Article 274.- Les textes créole et français de la présente Constitution font foi également.

Article 275.-L'enseignement de la présente Constitution est obligatoire à tous les niveaux du système éducatif.

Article 276.-Tous les Codes de Lois ou Manuels de justice, tous les Décrets-Lois et tous les Décrets et Arrêtés actuellement en vigueur sont maintenus en tout ce qui n'est pas contraire à la présente

Chapit 2.- Dispozisyon final yo

Atik 272.-Administrasyon piblik la, sektè prive ak komès la ap chome nan okazyon fèt nasyonal ak fèt legal yo.

Men dat fèt nasyonal yo :

- 1) premye Janvyè, fèt Endepandans peyi Ayiti ;
- 2) 2 Janvyè, jou Zansèt yo ;
- 3) premye Me, fèt Agrikilti ak Travay ;
- 4) 18 Me, fèt Drapo ak Inivèsite a ;
- 5) 20 Sektanm, jou Desalin ;
- 6) 18 Novanm, selebrasyon Batay Vètyè, jou Fòs lame Ayiti.

Lalwa fikse dat fèt legal yo.

Atik 273.- Nan okazyon komemorasyon lanmò Desalin, jou ki 17 Oktòb la, ki se jounen dèy nasyonal, Administrasyon piblik, sektè prive ak komès ap chome.

Atik 274.- Vèsyon kreyòl Konstitisyon sa a ak vèsyon franse Konstitisyon sa a, toude gen fòs lalwa.

Atik 275.- Ansèyman Konstitisyon sa a obligatwa nan tout nivo nan sistèm edikasyon peyi Ayiti.

Atik 276.-Y ap kontinye sèvi ak tout Kòd Lwa oubyen Manyèl sou lajistis, tout Dekrè Lwa ak tout Dekrè ansanm ak tout Arete ki pa depaman ak Konstitisyon sa a.

Constitution.

Article 277.-La présente Constitution est promulguée dans les quinze (15) jours francs qui suivent son adoption par référendum. Elle entre en vigueur dès sa publication au Moniteur, journal officiel de la République.

Atik 277.-Prezidan Repiblik la ap pibliye Konstitisyon sa a kenz (15) jou fran apati dat piblikasyon rezilta referandòm nan. Depi Konstitisyon sa a parèt nan « *Le Moniteur* », jounal ofisyèl Repiblik la, li antre ann aplikasyon.